ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№41 (22.449) • 2013 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 5, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Іэнатіэ псоми сом мелард 26-м нэблагъэ къыщагъэсэбэпащ

Ахъшэм и хэкІыпІэ псоми я хьэкъкІэ 2012 гъэм КъБР-м и мылыку нэхъыщхьэм хуэзэу сом мелард 25-рэ мелуан 572,1-рэ къыщагъэсэбэнащ. ЗекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ ар 2011 гъэм епльытмэ, проценти 113,5-рэ мэхьу.

УХУЭНЫГЪЭМ епха Іуэхущ1апІэ псоми нэгъабэ сом меларди 6-рэ мелуан 427-рэ и уасэ лэжьыгъэ, 2011 гъэм ельытауэ проценти 102,8-рэ зэфІагъэкІащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къэрал программэ хэхахэмрэ ухуэныгъэ комплексымкІэ и къудамэм и унафэщІым и куэдзэ Іэпыч Алимбэч зэрыжиІамкІэ, 2012 гъэм псэупІэ уцуу псори зэхэту метр зэбгъузэнатІэ мин 281,8-рэ е 2011 гъэм ельытауэ проценти 103,3-рэ хьэзыр ящІащ. Унагъуэ щхьэхуэхэм абы щыщу яухуар метр зэбгъузэнатІэ мин 251,5-рэ е 2011 гъэм ельытауэ 106,2-рэ мэхьу.

«Нэгъабэ узышІагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ1апІэхэр Налшык къалэмрэ Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Урыху къуажэмрэ, еджакІуэ 264-рэ къыдэхуэу школ Налшык къалэ дащІыхьащ. Сэрмакъ къуажэм хуэзэу Балъкъ псым и сэмэгурабгъу Іуфэр зэрыгъэбыдар зэрагъэпэщыжащ», - кьыхигъэщхьэхуКІащ Іэпыч Алимбэч.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонор.

ІуэхуфІхэм зезыпщытхэр

Иджыблагъэ КъБКъУ-м и медколеджым щагъэлэпІащ республикэм и волонтер нэхъ жыджэрэр.

ПШЫХЪ дахэр еджапІэм и къэфакІуэ ансамблым къызэІуиха нэхъ, утыкум ирагъэблагъэщ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ медколеджым и унафэщІым и къуэдзэ Мокаев Аш1эмэзэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центр» къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Жаным Сэндэрэ. Ахэр щІалэгъуалэм ехъуэхуащ зызырапщыт Іуэхуфіхэм дяпэкІи ехъулІэныгъэхэр щызыІэратгъэхьэну, хуагъэфэща я щІыхь тхыльхэри ираты-жащ.

КъызэгъэщІапхъэщ, мы волонтерхэр лъы тыным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщІэтыныгкІэ зэхъыхьэхэм жыджэрэ зэрыхэтыр, къищынэмыщІауэ абыхэм жылагъуэ зэуІущІэ зэмылІэужыкІуэхэр къызэгъэпэщыным я къару ирахьэлІэ.

Концерт яублам и макъкІи и тепльэкІи куэдым ягу дыхьэ уэрджэжьІакІуэ Шалуховодэ Лилэ хэтащ, индие къафэ зыгъэлъэгъуа, гимназие №13-м и еджакІуэ Къуэдзокъуэ Альбини Іэгуауэзшхэу хуаІэтащ. «Верди-стар» зэхьэзэхуэм 2012 гъэм хэта Саенкэ Евгениерэ а зэпеуэм пашэ щыхъуа Мыкъуэжь Джульеттэрэ жаІа уэрэдхэри ягу дыхьащ. Пшыхьым и КІэухым «Kavkaz Vizion» конкурсым хэта ХьэІупэ Къантемыр пщащэхэм ехъуэхъуащ Бзыльхъугъэхэм я дунейпсо махуэ къэбларгъэмкІэ икІи «Девушки Кавказа» уэрэдыр тыгъэ яхуищІащ.

ДЖЭДГЪЭФ Мариноэ,
«Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэ центр» къэрал Іуэхущ1апІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.



Дунейм шыхъыбархэр

Журовэ Светланэ и мурадхэр

УФ-м Федерацэмкіэ и Советым хэт Журовэ Светланэ иджы Къэрал Думэм «Іэпхъуэжьыну» и мурадщ. Абы иратынущ Дагъыстэным и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну УФ-м и Президентым пщэрыпІэ зыщІыщІэ Абдулатипов Рэмэзан и мандатыр.

Киров областым и ЛыкІуэу Советым хагъэхьа Журовэр Думэм кІуэжмэ (зэрытщІэщи, зэхуэсыгъуэ кІуам Светланэ абы хэтащ), нэхъапэм зэлэжьку щыта, ауэ и кІэм нигъэсыну зыхуэнэмыса Іуэхуэхэм пищажьмэ и гугъэщ. Нэхъ пыухыкІауэ жыпІэмэ, спортым зегъэужьынымрэ «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхуПІэхэр» проектыр гъэзэщІэнымрэ хуэзфІэкІ хищІыхьыну и мурадщ.

Пшэч мыхъуну къалъытэ

УФ-м ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъынымгъэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІкІэр щыхьэт техъущ Кунашир хытыгум щыІэ дзэ гупхэм ящыщ зым къулыкъу щызыщІэхэм ерыскъы зэІыхьажэр зэрыгъэгъэшхым теухуауэ къаІэрыхьа хъыбарыр зэрыпэжым.

ИрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Сахалин областым щыІэ Лагуниое жылагъуэм щыІэ хьумапІэм щІэлъ ерыскъыпхъэхэр зэрыгъэтІылъыпхъэ хабзэхэм теттэкъым. «Дзэм къулыкъу щызыщІэхэм ирагъэшхыну ягъэтІылъа хугум, тхъуиным, нэгъуэщІ гъавэжакІэм хьэпІащІэ хищІащ, ахэр гъуэтащ. Уэынщагъэм зэран хуэхъуныкІэ шынагъуэ ерыскъыхэкІэр къыщІашащ», - щыжиІэ «Россельхознадзор»-м зэбгрыгъэха хъыбарым.

А щІыпІэм къулыкъу щызыщІэ сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ тэмэму зэрамыгъашхэм теухуа тхьэусыхафэхэр маазэ нэблагъэу щыІэт. «СахалинМедиа» хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, частым къулыкъу щызыщІэхэм тхьэмахуипл1 хуЪуауэ зэм ядэрхьым, ерыскъым хьэпІащІэ хэльу зэрыхуащІэфІам игъэгубжьауэ. Абыхэм къращІар пшэч мыхъуну, щІыхьр зыгъэпуду къалытэ.

Дзэм ерыскъыхэкІэр къахуэзышалІэр «Оборонсервис» холдингым пыща къаугъэм хэпщІа «Славянка» Іуэхущ1апІарщ. Абы нэхъапэм къызыщІагъэща ныкъусаныгъэхэм щхьэкІэ етхьэкъуауэ щытащ, ауэ щытыкІэм зыкІи зихьуэжакъым. Иджы Іуэхум нэхъ куууэ хэпльэнущ.

Іэмалу щыІэр къыхуагъэсэбэп

Тува Республикэм щыІэ Ак-Баштыг бгым къеха уэсукхъуэм щІубыдащ ныбжьыщІибл.

Республикэм и правительствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, щІалэхэр псори спортсменщ: тІур бэнакІуэщ, адрейхэм кикбоксингым зыхуагъасэ. «ПІлІр епщыкІуэзанэ класым макІуэ, зыр ебгъуанэм, зыр ебланэм щІэсщ, я нэхъыжьыр илъэс 18 хъуэ аращ», - къат хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм. Ныбжьыщ1эхэм мыпхуэдэ эекІуэхэр я щІыпІэ къызэгъэпэщІэжьым - нэхъапэм ахэр къуршхэм дэкІащ я къарур здынэсыр къащІыщтэжьи, запсыхьым мурадкІэ.

Гупым щыщ Салчак Антон уэсукхъуэм къыщІэкІыжьи хуэзфІэкІащ икІи и ныбжьэгъуэр уэсым щыщІиІуба щІыпІэр къегъэлакІуэхэм яригъэлъэгъуауэ щІалэ щІыкІуэхэр къалІыхьуэ. А Іуэхум Іэмалу щыІэр къыхуагъэсэбэп МЧС-м и къудамэхэм, ауэ лэжьыгъэр пІалъэкІэрэ зэпагъэн хуей мэхъу дунейр къызэрызэІыхьэм къыхэкІыу.

НОБЭ

t 1953 гъэм Сталин (Джугашвили) Иосиф дунейм ехыжащ.

t 1970 гъэм ядернэ Іэщ1эм зэмыгъэубгъуныкІэ Зэгурыгъуэныгъэм кьару игъуэтащ.

t Адыгэхэм кУэдрэ ятетхьэхьа тхыдэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ **Фелицын Евгений** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.

t Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЩІДАА-м и академик **Бэвыж Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритамкІэ, Налшык уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щыІэр тридуси 4 - 2 щыхъэнущ.

Зыгъэхъэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэнэ.

Быстров Максим «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм» и тхьэмадэщ

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгурыкІныгъэ зэІухам и унафэщІхэм я советым и тхьэмадэу хахащ Быстров Максим. А зэІущІэм и къалэнхэр щыщхьэщхахащ зэгурыкІныгъэм и тхьэмадэу щыта Билалов Хьэмэд.

БЫСТРОВ Максим Сергей и къуэр 1964 гъэм фокІадэм и 16-м къалъхуащ. Москва дэт инженер-ухуакІуэ институтымрэ къэрал щІыб сатумкІэ урысейпсо академиемрэ къыхуащІ. ГъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ орган зыбжанэм - Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм, Экономикэ щІыналъэ хэхахэр зехьэныгъэкІэ федеральнэ агентствэм, Урысей Федерацэм Щ1ыналъэ зыужьыныгъэм и министерствэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм Промышленностымрэ инфраструктурэмкІэ и департаментым - унафэщІ зэгурыкІныгъэр щиІыгъащ. 2010 гъэм гъатхэпэм и 11 льандзрэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и къуэдзэу лэжьащ.

Урысей Федерацэм етІуанэ класс зиІэ и действительнэ къэрал чэнджэщгъуэ.

ДыгъэрыщІуэгъэщІ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгурыкІныгъэ зэІухам и къалэн нэхъыщхьэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, Краснодар крайм, Адыгей Республикэм туристкластер къащІыщІэгъэпэщІынырщ. А проектым ипкъ иткІэ, дунейпсо мардэм къыгІэсэн бгылъыжэ курортхэр щащІынущ Краснодар крайм, Адыгейм, Къэрэшей-Щэрджэсым, Къабардей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэм, Дагъыстэным, Ингушым. Мы хиубыдэу лыжэ къэжьхыпІэу километр 1000-м щІигъу, ІапсэрыкІуэ гъуэгуу 250-рэ, псори зэхэту цІыху мин 170-рэ зэуэ зыщІэхуэн хьэщІэщ зэмылІэужьыгъуэхэр ящІынущ.

Мы ухуэныгъэм къэралым и ахъши инвестор щхьэхуэхэм я мылъкуи къащагъэсэбэпынущ. Къэралым сом мелард 60 тригъэкІуэдэнущ хуэртым и транспорт, комунальнэ инфраструктурэр зэтетхъуэвэным.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Шэрэдж районым Іэщ1ыщхуэм и бжыгъэм щыхагъэхьуэж.

Іэщ гъэхъуным зратыж

● Шэрэдж щІынатІэ

ЗЭРЭГЪЫЖ къуажэм дэт гъэш комплексыр иджыблагъэ зэрагъэпэщыжри, Іэщ1эвыщІэ лъэпкъыщфІу 150-рэ щІапхэжащ. Мы илъэсым абыхэм я бжыгъэр 500-м нагъэсыну я мурадщ. Апхуэдэу «Аграрий-5» ООО-м кьалмыкъ Іэщ лъэпкъыщфІм щыщ танэу 20, «Жабоев» КФХ-м - 50, «Чиркесов» фермер хозяйствэм - 40 зэрагъэпэщащ. А Іэнатіэхэм щІыхуэ 140-м щІигъу щолажьэ. Іэщ гъэхъуным зезыт мэкъумэш Іэнатіэхэмрэ унагъуэхэмрэ я бжыгъэм мы илъэсми кьыхэхъуэну мэгугъуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Бахъсэн щІынатІэ

Нэхъыфіхэм - дэтхэнэми сом мин 30

Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн щІыпІэ советым и сессием къыщыхилъхьащ Іэщ1агъэм и щІэр къэІэтыным теухуа зэпеуэ зыбжанэ.

- ЛЭЖЬЫГЪЭМ екъуалІэныгъэшхуэ щызыІэ дэтхэнэ зыри жылагъуэм яІыхьуэ хуэсщІ. Ар Іэзагъэм хэзыгъаехъуэ, щІэблэм хуэфащэ щапхъэ езыгъэпсалъэ Іэмалиц, - къыхигъэщащ муниципалитетым и унафэщІым.

Депутат, муниципальнэ Іуэхущхьэ, хьэрычэтыщІэ, школ унафэщІ, егъэджакІуэ, дохутыр, участкэм и инспектор, спортсмен нэхъыфІхэр куэйм ильэс къэс щратыныгъэ.

Хабзэ хьуауэ ираГъэкІуэкІ «Районым и къуажэ нэхъыфІ» зэпеуэм дяпэкІи пащэнущ. Абы и саугъэт фондыр сом мелуанрэ мин 800-рэ мэхьу.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

ЩІы Іыхьэхэр ират, ахъшэкІэ доІэпыкъу

● Тэрч щІынатІэ

Тэрч район администрацэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и къудамэхэм я зэІущІэм нэгъабэ зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ, ныбжьыщІэхэр зыгъэцІейтей Іуэхугъуэхэмрэ ахэр зэфІэхыныжкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ щызэпкърахащ. Зэхьыхьэм хэтащ куейм нэкъубжэщ хозяйствэмрэ щнхабзэмкІэ и Іэнатіэхэм, щІыпІэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и къудамэм, щІыхуэр зэкІыжькІэ къызэІуихыжащ центрым, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыпІэ къудамэм, дзэ комиссариатым, хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм, жылагъуэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, къуажэ адміністрацэхэм щІалэгъуалэ политикэмрэ спортымкІэ я Іэщ1агъэлІкІэр.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКІЭ управленэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Накуэ Сослъан къытеувыІащ ныбжьыщІэхэр ГъащІэм хэзэгъэным, хуэфащэ увыпІэ щІабыдыным теухуауэ къэралыр зыхуэщІэкъуэкъэ республикэм зэрыщагъэзащІэм, куейм я Іуэхум жьыджэгу зэрыхэтым.

«2009 - 2013 гъэхэм Тэрч районым и щІалэгъуалэр» муниципальнэ программэ эхэмрэ «2011 - 2015 гъэхэм Тэрч муниципальнэ районым и сабийхэмрэ и щІалэгъуалэмрэ я хэкупсэу зэрагъэсэнур» программэ гуэдзэмрэ зэрыщІыубзыхуам тету, а лэжьыгъэр куейм щаунэті. Сабий, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ зыбжанэ мы Іуэхум жыджэру хэтщ. Апхуэдэщ сабий-ныбжьыщІэ организацэхэм я «Іэгъупыкъу» зэгухьэныгъэ, «Урысей зэкъуэт» партым и «ЩІэблэщІэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ организацэм и щІыпІэ кьудамэр, «Джуэат» щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр, волонтерхэм «Мамыры гъэмрэ зэрыльытэныкІэ и центр» район зэгухьэныгъэр, «Союз» урысейпсо аэрокосмос обществэм и щІыпІэ зэгъэзэщІныр и кІэм ноблагъэ. Бюджетым щымыщІ мылькукІэ Іуэхугъуэ куэд щызэфІагъэкІ щІалэгъуалэ центрыр мыгувэу къызэІухьынущ. Кьуажэ щІагъуэ хэзыльнэу спорт пэшхэр яІэщ.

Куей администрацэм мэкъумэш хозяйствэмрэ и къудамэм и унафэщІ Эдыхьэ Тимур щІалэгъуалэм Іэнатіэ кьахуэзгъэпэщыным теухуа федеральнэ программэ пэрытхэм тепсэлъыхьащ. Кьапщтэмэ, «Фермер щІэзыдзагъащІэ» программэм зэрэщыубзыхуам тету, Іэщ, джэдкъаз фермэхэм зезыгъэжьыну фермер щІалэ 14-м грантыр сом мелуани 7 нэгъабэ хуХахащ.

Ильэс 18-м кьыщыщІэдзауэ 28-м нэс зи ныбжь кьуажэдэс щІалэгъуалэр лэжьыгъэкІэ кьыхэзрагъэпэщын мурадкІэ, район администрацэм абыхэм щы Іыхьэхэр ярет. Уэдыхь Тимур зэрыжиІамкІэ, кьамыгъэсэбэпу зы гектари яІэкъым, а Іуэхум псалъэмакъ кьыхэмыкІын щхьэкІэ, бэдзэнду яІыгъыкъэ щІыгъуэ трагуэшэж. Абы и фІыгъэкІэ кьуажэдэс щІалэгъуалэ 290-м гектар 1300-рэ нэгъабэ бэдзэнду кьащтащ.

ЩІалэгъуалэр хьэрычэт Іуэхум тегьэгушхэныр куейм щыпІэ самоуправленэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Хьэрычэтыщ1э щІалэщІэу 327-рэ яІэщ. Ар районым и хьэрычэтыщІэхэм я процент 18,5-рэ мэхъу. Хьэрычэтыщ1э Іэнатіэ машІэм и щІэгъэкъуэн фондым а Іуэхум тегушхуа щІалэгъуалэ 30-м сом мелуани 9,5-м щІигъу гъэ кІуам щІыхьуэу яритащ.

«2012 гъэ пщІондэ кьуажэм зэрызнужьынур», «УнэгъащІэхэр псэупІэкІэ кьызэрызэрагъэпэщынур» федеральнэ программэ хэхэр кьызэрыхьапъхь льандзрэ районым щыщ унагъуэщІэрэ Іэщ1агъэлІ щІалэр 119-м къэрал субсидиехэр ратащ.

КІУАНТІЭ Замирэ.

● Министерствэхэм

Къуажэхэр зэщІагъэхьэ

КъБР-м Лжыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыкъатхъуэзэ, чэнджэщхэр щат и центрым Аруан муниципальнэ районым и кьалэнхэр щызэфІигъэкІащ.

МАЗИТЫМ кьриубыдэу Іэщ1агъэлІхэр куейм и кьуажэщІым щыІащ, щыкъу 38-м чэнджэщкІэ ядэІэпыкъуащ. Абыхэм я нэхъыбэр зэ етыгъэу хуХах ахъшэм, унагъэщхуэхэм, сабий ныкъудыкъуэ зиІэ унагъуэхэм, кьуажэдэс Іэщ1агъэлІ щІалэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм кьэралым яхуищІэм теухуаш. СубсидиехэмкІэ тхьпльэр зэхуахьэсыж щхьэкІэ, къуажэ пхыдзахэм щыщхэр районым щыпащэнущ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

Дунейм и щІыналъэ

Сирием къикІыжхэм хохьуэ

АДЫГЕЙ. ***Сирием къикІыжу республикэм щетІысэхьж адыгэхэм кьахэхьуэ зэпытщ. Адыгейм и къэрал властыр я щІэгъэкъуэну, жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ псапащІэхэмрэ льахэм кьэзыгъэзэжхэр псэупІэкІэ кьызэрэпэщыным, ялэжь, ахьшэ зэхэзгъэ ящІ.***

ИЛЬЭСЫР кьызэрихьэрэ Сирием къикІыжри Адыгейм кьэкІуэжащ цыху 51-рэ. Псори зэхэту республикэм щопсэу кьэзыгъэзэжа адыгэу 412-рэ. Абыхэм я нэхьыбэр кьуажэхэм дотІысхэ. ЩІыпІэ властымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я щІэгъэкъуэну цыху 72-рэ тэхьутэмыкьуей, Тэучэжь куейхэм дэтІысхьащ. Бдыгэхэм ящыщ гуэрхэм яхуэзэфІэкІащ я мылькукІэ унэ-льапсэ кьащэхуну.

Льахэм кьэзыгъэзэжкэр щетІысэх хуну унэ нэщІэкр, щы кІапэхэр убзыхунымкІэ лэжьыгъэм пащэ.

Я зэпыщІэныгъэм зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид Іушащ Палестинэ кьэралыгъуэм и полномочнэ лЫкІуэу Урысей Федерацэм щыІэ Мустэфа Фаед.***

ЛЬЭНЫКЪУЭХЭР тепсэлъыхьащ Палестинэмрэ Урысеймрэ я политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм япкъ иткІэ зэдэлэжьэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм. Темрезовым кьыхигъэщащ я зэпыщІэныгъэхэр зэтраублэнымк, зэдэлэжьэным республикэр зэрыхуэхьэзырыр.

Тамбов щагъэлъагъуэ

АБХЪАЗ. ***«Абхъазым и дыгъуасэмрэ нобэмрэ» фІэщыгъэм щІэтІысэх дыгъуасэ Тамбов и музей-гъэлъэгъуэнІэ центрым Абхъазым и суэртыщІэхэм я выставкэ гъэщІэгъуэн кьыщызэІуахащ.***

АБХЪАЗЫМ и Суэртыщ1эхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэу Пкин Астанд, Джапуа Батал, Кацб Витиний сымэ я Іэдакъэщ1ыщ 100-м щІигъу выставкэм щагъэльэгъуэнущ. Абыхэм кьаІуатэр льахэм и дахагъым и закъуэкъым, атІэ, кьуржьабхъаз зауэр зэрекІуэкІами, Абхъазыр щызэфІэуэвэжа пчъагъэм, и нобэм щыІуаз эущ.

Къищынэмыщ1ауэ, Тамбов и Сабий художественнэ школ №1-м и щыщ1эзыІахащ «Абхъазыр сабийхэм я нэкІэ» абхъаз суэртыщІ ныбжьыщ1эхэм я Іэдакъэщ1экІэр щагъэльагъуэ выставкэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Іэнатіэ псоми сом мелард 26-м нэблагъэ къыщагъэсэбэпащ

Ахъшэм и хэкІыпІэ псоми я хьэкъкІэ 2012 гъэм КъБР-м и мылыку нэхъыщхьэм хуэзэу сом мелард 25-рэ мелуан 572,1-рэ къыщагъэсэбэнащ. ЗекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ ар 2011 гъэм епльытмэ, проценти 113,5-рэ мэхьу.

УХУЭНЫГЪЭМ епха Іуэхущ1апІэ псоми нэгъабэ сом меларди 6-рэ мелуан 427-рэ и уасэ лэжьыгъэ, 2011 гъэм ельытауэ проценти 102,8-рэ зэфІагъэкІащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къэрал программэ хэхахэмрэ ухуэныгъэ комплексымкІэ и къудамэм и унафэщІым и куэдзэ Іэпыч Алимбэч зэрыжиІамкІэ, 2012 гъэм псэупІэ уцуу псори зэхэту метр зэбгъузэнатІэ мин 281,8-рэ е 2011 гъэм ельытауэ проценти 103,3-рэ хьэзыр ящІащ. Унагъуэ щхьэхуэхэм абы щыщу яухуар метр зэбгъузэнатІэ мин 251,5-рэ е 2011 гъэм ельытауэ 106,2-рэ мэхьу.

«Нэгъабэ узышІагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ1апІэхэр Налшык къалэмрэ Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Урыху къуажэмрэ, еджакІуэ 264-рэ къыдэхуэу школ Налшык къалэ дащІыхьащ. Сэрмакъ къуажэм хуэзэу Балъкъ псым и сэмэгурабгъу Іуфэр зэрыгъэбыдар зэрагъэпэщыжащ», - кьыхигъэщхьэхуКІащ Іэпыч Алимбэч.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонор.

Іэмалу щыІэр къыхуагъэсэбэп

Тува Республикэм щыІэ Ак-Баштыг бгым къеха уэсукхъуэм щІубыдащ ныбжьыщІибл.

Республикэм и правительствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, щІалэхэр псори спортсменщ: тІур бэнакІуэщ, адрейхэм кикбоксингым зыхуагъасэ. «ПІлІр епщыкІуэзанэ класым макІуэ, зыр ебгъуанэм, зыр ебланэм щІэсщ, я нэхъыжьыр илъэс 18 хъуэ аращ», - къат хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм. Ныбжьыщ1эхэм мыпхуэдэ эекІуэхэр я щІыпІэ къызэгъэпэщІэжьым - нэхъапэм ахэр къуршхэм дэкІащ я къарур здынэсыр къащІыщтэжьи, запсыхьым мурадкІэ.

Гупым щыщ Салчак Антон уэсукхъуэм къыщІэкІыжьи хуэзфІэкІащ икІи и ныбжьэгъуэр уэсым щыщІиІуба щІыпІэр къегъэлакІуэхэм яригъэлъэгъуауэ щІалэ щІыкІуэхэр къалІыхьуэ. А Іуэхум Іэмалу щыІэр къыхуагъэсэбэп МЧС-м и къудамэхэм, ауэ лэжьыгъэр пІалъэкІэрэ зэпагъэн хуей мэхъу дунейр къызэрызэІыхьэм къыхэкІыу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритамкІэ, Налшык уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щыІэр тридуси 4 - 2 щыхъэнущ.

Зыгъэхъэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэнэ.

Лъэпкъ Іуащ1агъэ:

Нэм фІэбэр Іэбэм еух.

ЩIэныгъэм и нурыр зыгъаблэ

• ДифI догъэлъапIэ

Гъатхэпэм и 5-м илъэс 60 зэрырикъур егъэлъапIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хыхьэ Хьэбэз районым щыщ Жьакуэ къуажэм къыщалъхуа, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ щIэныгъэлI щэджащэм - Бэвыжь Мухьэмэд Дэнял и къуэм.



ФИЗИКО-математикэ щIэныгъэхэм куэд дыдэ зыщыхузэфIэкIа Бэвыжьым бгъэдэлъ щIэныгъэм, и цIыху щIыкIэм, и къекIуэкIыкIам дытепсэлъыхьын и пэкIэ, ар къызыхэкIа унагъуэмкIэ ди псалъэмакъыр етшэжьэнщ.

Жьакуэ къуажэм дэс нэхъ лъэпкъыжьхэм ящыщщ Бэвыжьхэ. Ахэращ Совет властыр мы жылэм щызэфIэува нэужь, къуажэдэсхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным и лъабжьэр зыгъэтIылъар, лъэужь мыкIуэдыжын къуажэ тхыдэм къыхэзынар.

XVIII лIэщIыгъуэм къуажэр Къэбэрдейм къиIэпхъукIри, 1892 гъэм иджы зэрыс щIыпIэм щетIысэхащ. А зэманым Къубатей (иджы Жьакуэ) къуажэм Бэвыжьхэ ящыщу зэкъуэшищ дэсащ - Хьэжы, Къарэ, Аслъэныкъуэ сымэ. Мы къуажэм и тхыдэр зыдж егъэджакIуэ Мамхэгъ Владимир зэритхыжымкIэ, Хьэжырэ Къарэрэ 1885-1905 гъэхэм Тыркум Iэпхъуащ икIи нобэкIэ Бэвыжь унэцIэр зезыхьэхэр къызытехъукIар Аслъэныкъуэщ. Абы къуиц иIащ: Илас, Исмел, ХьэбатI.

Илас къуиблрэ (Абдулыхь, МутIалиб, Исмел, Пщымахуэ, Зейд, Билал, Хьэзиз) зыпхъурэ (Мэчырхьан) иIащ. Зыхалъхуа зэманым емылъытауэ, Абдулыхь, МутIалиб, Зейд сымэ щIэныгъэфI ябгъэдэлъащ икIи жьакуэдэсхэр егъэджэным мыкIуэдыжын хэлъхьэныгъэ хуащIащ...

Бэвыжь Мухьэмэд дежкIэ къэдгъэзэжынщи, МутIалиб абы и адэшхуэщ. МутIалиб и лэжьэкIэу щытам и гъэсэн куэд ноби топсэлъыхьыж. Уеблэмэ егъэджакIуэм къаритауэ щыта дерсхэр къаIурылъэлъу къыбжезыIэжыфынухэр яхэтщ.

МутIалиб и щIэныгъэр, цIыхугъэр къалъытэри, 1930 гъэм къуажэм япэу къыщызэрагъэпэща колхозитIым я зым и унафэщI IэнатIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Адэм и лэжьэкIэр и щапхъэу, акъылыфIэу, гъэсэныгъэ нэс хэлъу къэтэджащ МутIалиб и къуэ Дэняли.

ЖыIэпхъэщ, Бэвыжьхэ я унагъуэр зэхэзехуэн ящIахэм ящыщ зэрыхъуари - мыбыхэм хэкур ирагъэбгынауэ щытащ. Ягъэзэхуэжу къагъэзэжа нэужь, Мухьэмэд и адэ Дэнял и гъащIэр «Молот» заводым ирипхащ. МутIалиб и ныбжьыр пенсэм нэсри, тIысыжащ...

Тхьэшхуэр акъылкIэ зыхуэупса конструктор IэпщIэлъапщIэм къилъэщыфауэ щытащ «Инициатор технического прогресса» цIэ лъапIэри, къигупсысахэр иту тхылъ пщIы бжыгъэхэр къыдэкIащ, щIыхь тхылъхэр, фIыщIапщIэ куэд къыхуагъэфэщащ. Дэнял псэуху зэпигъэуакъым щIэблэр и IэщIагъэм хуригъэджэн, щIэныгъэ нэс ябгъэдилъхьэн.

Къуажэдэс нэхъыжьыфIхэм фIыуэ ящIэж Дэнял и щхьэгъусэ Нащхъуи балигъхэр егъэджэным зэрыпылъар, «ликбез» щэнхабзэ революцэм жыджэру зэрыхэлэжьыхьар.

Я адэшхуэмрэ адэ-анэмрэ зыхуаущияхэр Дэнял и къуэхэу Мухьэмэдрэ Iэминрэ икъукIэ зыщIашащ. ЩIэныгъэм и «Олимп»-м дэкIуеифа зэкъуэшитIыр Урысейми нэгъуэщI къэрал куэдми фIыуэ къыщацIыху. Мы щIалэхэм яхузэфIэкIам Урысейр ироин, абыхэм ирогушхуэ я къуэпсыр къыщежьа Жьакуэ къуажэм дэсхэри, адыгэ лъэпкъри.

Зэгуэрым Мухьэмэд журналистхэм епсалъэу, и адэшхуэм теухуауэ жиIауэ щытащ:

- Си адэшхуэр Жьакуэ къуажэм егъэджакIуэу щылэжьащ. Уеблэмэ си адэри си анэри зы классым хэсу иригъэджащ. Сэ сыщеджэм щыгъуэ си дадэр пенсэм кIуакIэт, ауэ еджапIэм къыщекIуэкI Iуэхухэм сыт щыгъуи щыгъуазэт. Дунейм тетыху щыгъупщакъым и IэщIагъэр, абы лъагъуныгъэ хуиIари игу ихуакъым. Дадэ акъылышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхут. Си къуэшымрэ сэрэ гъащIэм худиIэ еплъыкIэр къыщежьар ди дадэ Iущым дежщ...»

Курыт еджапIэм щыщIэсам къыщыщIэдзауэ, зэкъуэшитIри зэи текIакъым я адэшхуэм зыхуигъэсахэм, абы и псалъэ Iущхэм. ЕджапIэм щIэс щIыкIэ тIури дихьэхауэ щытащ физикэ, есэп щIэныгъэхэм. Черкесск къалэми, крайми, уеблэмэ Союзми япэ увыпIэхэр къыщахь зэпыту щытащ.

И къуэш Iэмин къэтщтэнщи, Мухьэмэд зыщIэса институтым щеджащ, «прикладная математика» факультетри къиухащ, ар щылэжьа ядернэ институтми и зэфIэкI щигъэлъэгъуащ. Мызэ-мытIэу хэтащ къызэрабж техникэмкIэ дунейпсо проектхэр гъэзэщIэным. Iэмин физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. Къэрэшей-Шэрджэсым и Техникэ академиер и лъабжьэу къызэригъэпэщащ «ХъыбарегъащIэ системэхэмкIэ щIэныгъэ-производствэ къудамэ» зэгухьэныгъэр. Академием и унафэщIым и чэнджэщэгъущ, егъэджакIуэ пэрытщ.

Мухьэмэд физико-математикэ щIэныгъэхэм я докторщ, нанотехнологиехэмрэ электроннэ техникэм и материалхэм я технологиехэмкIэ и кафедрэм и профессорщ, УФ-м щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреатщ. 1997 гъэм Сорос тыгъэр къыхуагъэфэщащ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикщ...

Иджыри ехъулIэныгъэ куэдкIэ Мухьэмэд и цIэр къитIуэфынущ. Арами, абы и щIэныгъэкIэ, лэжьыгъэкIэ къилъэщыфа лъагапIэхэм зэкIэлъыкIуэу дриплъэнщ.

Курыт еджапIэр къиухри, 1970 - 1976 гъэхэм Мухьэмэд щеджащ Москва къалэм дэт инженер-физикэ институтым (МИФИ). ЕджапIэ лъэщыр ехъулIэныгъэ хэлъу къиуха нэужь, адыгэ щIалэр ядернэ физикэм и купсэхэу Москва, Дубна, Протвино, Серпухов къалэхэм дэтхэм щылэжьащ.

1979 - 1982 гъэхэм ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ институт зэхэтым, Дубна къалэм щыIэм, и аспирантщ, «Физика атомного ядра и элементарных частиц» IэщIагъэм щыхуоджэ. ИригъэкIуэкI ядернэ къэхутэныгъэхэр къалъытэурэ, институтым къыбгъэдэкI тыгъэхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфащэ, 1984 гъэм Комсомолым и саугъэтым и лауреат мэхъу.

«Кристалл» зыфIаща совет-америкэ дунейпсо къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIахэм - «поворот заряженных частиц деформированными кристаллами» IэмалыщIэр япэ дыдэ хэIущIыIу зыщIахэм щIэныгъэлI Бэвыжьыр яхэтащ. Зэкъым Мухьэмэд США-м, нэгъуэщI хамэ къэралхэм зэрырагъэблэгъар щылэжьэну, ауэ и зэфIэкIхэр къыщалъхуа хэкум къыщигъэсэбэпмэ нэхъыфIу къилъытащ адыгэлI щыпкъэм.

1981 - 1983 гъэхэм монокристаллхэм деж электронхэмрэ позитронхэмрэ къапыкI нэхур къэхутэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм хэтащ. Къапщтэмэ, мы IуэхумкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуахэм Бэвыжьым и кандидат диссертацэр треухуэ, 1985 гъэм физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат мэхъу. 1994 гъэм Мухьэмэд физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор цIэ лъапIэри къелъэщ.

1984 - 1994 гъэхэм Мухьэмэд ИФВЭ-м и лэжьакIуэщ. Бэвыжьым и унафэм щIэту «Практическое применение элементов кристаллооптики в физическом эксперименте и ускорительной технике» лэжьыгъэшхуэр ирагъэкIуэкIащ. ИкIи абы щыхузэфIэкIахэр къалъытэри, 1996 гъэм УФ-м и Къэрал саугъэтыр, къыдэлэжьа гупым и гъусэу, Мухьэмэди къыхуагъэфащэ.

1994 гъэм Мухьэмэд и лэжьыгъэм щыпищащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал технологие академием. Профессорыр щытащ кафедрэм и унафэщIуи, академием егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ и япэ проректоруи. 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ Бэвыжьыр а академием и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэщ, Москва къалэм щыIэ «Радий» НПП-м и щIэныгъэлI-чэнджэщэгъущ. 2008 гъэм Кавказ Ищхъэрэ къэрал техникэ университетым Прикладной нанотехнологиемкIэ и НИИ-м и унафэщI ящI. «Нанотехнологии и технологии материалов электронной техники» кафедрэм и профессорщ. Зы илъэс докIри, Мухьэмэд къыхуагъэфащэ нанотехнологиехэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал технологие университетым нанотехнологиемкIэ и центрым и унафэщI IэнатIэр.

Бэвыжьым и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъи 100-м щIигъу. Мухьэмэд иIэщ езым и къэхутэныгъэхэри, патент зыбжанэ къапэкIуауэ.

Шэч хэлъкъым ядернэ физикэм и зыужьыныгъэм щIэныгъэлI Бэвыжьым хэлъхьэныгъэшхуэхэр дяпэкIи зэрыхуищIынум. Дыхуейщ адыгэлIым дехъуэхъуну иджыри илъэс куэдкIэ и зэфIэкIыр Урысейм и щIэныгъэм, ди лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуигъэлэжьэну, а псоми зэрыпэлъэщын узыншагъэ быдэ иIэну!

ЩОХЪУЖЬ Люсанэ.
Черкесск къалэ

Зэрыщiэнымрэ зэрылъытэнымрэ трагъащIэ

• Пресс-конференцхэр

«Кавказым щызэдэлажьэхэр» мыкоммерцэ дэрэгъу организацэм и жэрдэмкIэ мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIахэу эксперт щхьэхуит, «Куржым и гугъапIэхэр» экономикэ программэм и унафэщI, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Гиорхелидзе Демуррэ Евразие институтым и лIыкIуэ, дунейпсо правэмкIэ магистр, публицист Апхаидзе Шотарэ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм мазаем и 26-м яхуэзащ.

Ежьэжын и пэ къихуэу хьэщIэхэм къыхалъхьа пресс-конференцыр КъБР-м цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къумахуэ Мухьэдин иригъэкIуэкIащ.

- ФЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, куржы щIэныгъэлIхэр Iуэху дахэкIэ къытхуеблэгъащ. Махуэ зыбжанэм кърихубыдэу ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм щыщхэм, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэм, студентхэм, Жылагъуэ палатэм хэтхэм, дин лэжьакIуэхэм яхуэзащ, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ. Апхуэдэу республикэм и псэукIэм, и зыужьыкIэм зыхагъэгъуэзащ, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ ди цIыхухэм ядэгуэшащи, ялъэгъуахэмрэ зэхахахэмрэ къазэрыщыхьумкIэ ди псалъэмакъыр дублэм нэхъ сфIэтэмэщ,-жиIащ Къумахуэ Мухьэдин зэIущIэр къыщызэIуихым икIи япэ псалъэр хьэщIэхэм ялъигъэсащ.

- Мы махуэхэм фIы куэд, дахагъэ Iэджэ ди нэгу щIэкIащ. ДыкъызытекIухьар къыдэхъулIауэ къызолъытэ. Кавказ Ищхъэрэмрэ Куржымрэ я зэпыщIэныгъэхэм лъабжьэшхуэ зэриIэр наIуэщ. Куржым и унафэщI трагъэкIуэтхэм иджыри къэс ирагъэкIуэкIа политикэ шынагъуэм и зэранкIэ, ахэр хуабжьу къэтIэсхъами, цIыхухэмрэ лъэпкъхэмрэ зэрызэхуэпабгъэу къэнэжащ. Ахэр хуейщ зэрыщIэну, зэрылъагъуну,зэдэлэжьэну, сату зэдащIэну. Политикхэмрэ дипломатхэмрэ мы Iуэхур дяпэкIэ зэрызэхуагъэкIуэну щыкIэр щхьэхуэщ, ауэ цIыхухэр зэрызэлъыгъуазэ хабзэр къагъэщабэмэ, абы лъэныкъуэхэр нэхъ тыншу зэришэлIэжынут. КъызэрыслъытэмкIэ, щIыналъэ зэхущытыкIэхэм урысей бизнесыр лъабжьэ хъарзынэ хуэхъунут, зэпыщIэныгъэхэр зэтеувэжыным IэмалыщIэхэр къахузэIуихынут, хэкIыпIэщIэхэр къахузэригъэпэщынут, - къигъэлъэгъуащ хьэщIэхэм я пашэ, МГИМО-м Кавказыр джынымкIэ и центрым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь **Силаев Николай.**

«Куржым и гугъапIэхэр» экономикэ программэм и унафэщI Гиорхелидзе Демур «Кавказым щызэдэлажьэхэр» мыкоммерцэ дэрэгъу организацэм и жэрдэмкIэ къыхалъхьа мы Iуэхум фIы куэд хелъагъуэ.

Пэжщ, урысей-куржы зэхущытыкIэхэр иджыри икъукIэ ткIийщ, арами, ахэр ефIэкIуэжыну гугъэ дэзыгъэщI нэщэнэхэр гъащIэм хыдолъагъуэ. Ди къарурэ зэфIэкIрэ хэдмылъхьэмэ, дауи, Iуэхур ипэкIэ кIуэтэнукъым. Нобэрей щытыкIэм хуэгъэза сыт хуэдэ лъэбакъуэри хуабжьу гугъущ. Дызыхэта зэIущIэхэм, къызэрагъэлъэгъуащи, Куржым щекIуэкIхэми, Кавказ Ищхъэрэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэфIхэми ди цIыхухэр щIагъуэу щыгъуазэкъым, а псом лъэныкъуитIри пэIэщIэщ. «Мамырыгъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ теухуа куржы-урысей зэпсэлъэныгъэ» проектыр ди гуапэу щIыдэтIыгъри дыкъызытекIухьари мы Iуэхум зэрыхъукIэ гъунэ гуэр итлъэн, хъыбар пэжкIэ дызэхъуэжэн, дызэрыщIэн мурадкIэщ, - жиIащ абы. - Лъэпкъхэм, цIыху къызэрыгуэкIхэм зэпаубыдыни щIызэдэуэни я зэхуаку дэлъкъым. Дызыхуэзахэм, дызэпсэлъахэм къыхагъэщащ ди щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зэрыхуэзэшар илъэс 20 и пэкIэ диIа экономикэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ псынщIэу зэтеувэжыну зэрыщыгугъыр, Тбилиси щеджауэ щытахэм ди щIыналъэр Iэфlу ягу къызэринэжар. Абы и лъэныкъуэкIэ жылагъуэ, граждан, щэнхабзэ зэхущытыкIэхэр лъабжьэ хъарзынэщ. ЦIыхубэ дипломатиер политикхэм егупсысауэ къагъэсэбэпмэ, сэбэпышхуэ зэрыхъунум, щытыкIэ ткIийр къызэригъэщэбэнум шэч къытетхьэркъым. Ар зэрымытыншри, псынщIэу зэрызэхуэмыхъунури псоми къыдгуроIуэ, ауэ дызэхуэмыкIуатэмэ, япэ лъэбакъуэхэр зэхуэдмычмэ, бэмрэ абыхэм я лIыкIуэхэмрэ зыгъэпIейтейхэр къэдмылъытэмэ, гъащIэм дыкъыкIэрыхунущ. Дгъэзэжа нэужь, фи деж щытлъэгъуахэр, фи щIыналъэм и зыужьыкIэр зыубгъуауэ хэIущIыIу сщIынущ, сфIэгуапэу зэIущIэхэм сыщытепсэлъыхьынущ. Дунейпсо зэхущытыкIэхэр зэкIэлъызыгъакIуэр политикхэрщ. Арами, щыпIэхэм езыхэм я лъэныкъуэкIэ ялэжьыфынухэри мащIэкъым. Мис а IэмалхэмрэхэкIыпIэхэмрэ егупсысауэ къэдгъэсэбэпмэ, фIы къызэрытхудэкIуэнур ди фIэщ мэхъу.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щратым хьэщIэхэм къыхагъэщащ хъыбарыфI куэд зэрызэIэпахар, ялъэ- гъуахэм зэрыдахьэхар, урысей-куржы зэпыщIэныгъэхэр зэтегъэувэжыным сэбэп хуэхъуну щIэдзапIэхэр мымащIэу зэрыщыIэр.

- Куржым и Правительствэр зыхуэныкъуэ чэнджэщ щхьэпэхэр къызыхэтхын щIэщыгъуэ куэд фи деж къыщытщIащ. Апхуэдэщ ди цIыхухэр зэрыубыдыжын зэрыхуейр. Ахэр зэрыгъуэтыжрэ зэдэлэжьэн щIадзэжмэ, экономикэм сэбэпышхуэ хуэхъунущ. Куржым щекIуэкIхэм фи лъэпкъхэр щIагъуэу зэрыщымыгъуазэм ещхьу, Кавказ Ищхъэрэм зэрызиужь щIыкIэм дэри хэтщIыкI щыIэтэкъыми, ар зэдгъэлъэгъуащ. Хъыбар пэжхэр зэIэпытхыфын щхьэкIэ, дызэкIэлъыкIуэн, дызэрыщIэн хуейщ. Ар къытхузэгъэпэщмэ, ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъ тыншу икIи псынщIэу зэрызэтеувэжынум шэч хэлъкъым. Мы Iуэхур дяпэкIэ зыубзыхунур, дауи, къэрал унафэщIхэрщ, ауэ щIыналъэ зэхущытыкIэхэм я мыхьэнэр зыщдгъэгъупщэ хъунукъым,- къагъэлъэгъуащ Куржым щыщ экспертхэм.

ЗэIущIэр щызэхуищIыжым Къумахуэ Мухьэдин къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэмрэ Куржымрэ щыпсэу лъэпкъхэр куэд щIауэ зэгъунэгъуфIу къызэрызэдэгъуэгурыкIуэр, зигу фIы илъ дэтхэнэми зэхущытыкIэ дахэр зэрыфIэлъапIэр. Ди зэпыщIэныгъэхэр ефIэкIуэжын папщIэ щыIэ хэкIыпIэхэр зрагъэщIэну къытхуеблэгъа хьэщIэхэм абы фIыщIэ яхуищIащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

• КъБР-м и прокуратурэм

КъалэныщIэхэр яубзыху

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыхэплъэжащ правовой статистикэмкIэ гупым илъэс кIуам и лэжьыгъэр зыхуэдам. КъызэрыхагъэщамкIэ, ар и къалэнхэм хъарзынэу пэлъэщащ.

ЗЫХЫХЬЭМ щыхэплъащ правовой статистикэ и лъэныкъуэкIэ прокуратурэм и хуитыныгъэхэр къызэрагъэсэбэпам, къапщтэмэ, республикэм и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм правовой статистикэм пэублэу щатх дэфтэрхэр зэрыщызэкIэлъахьымрэ зэрыщызэхуагъакIуэмрэ кIэлъыплъыныр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIахэм.

ЗэIущIэм щызэпкърахащ «Урысей Федерацэм и прокуратурэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 51-нэ статьям ипкъ иткIэ, щIэпхъаджагъэхэр зэратхым, учет зэращIым теухуауэ прокуратурэм и IэнатIэхэм я пщэ дэхуа къалэныщIэхэр, апхуэдэу УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэмрэ Урысей Федерацэм и МВД-мрэ хъыбархэмкIэ зэрызэхъуэжэну я зэгурыIуэныгъэр гъэзэщIэнымкIэ лэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2013 гъэм и гъатхэпэ - мэлыжьыхь мазэхэм цIыхухэм зэраIущIэнур

Махуэр	Зэманыр	Щахуэзэну щIыпIэр	ЦIыхухэм яIущIэнур	Телефоныр
Мэлыжьыхьым и 8-м	10.00-12.00	Налшык къалэ, Балъкъэрым и уэрам, 6	Вэрокъуэ Владимир Хьэлид и къуэр	72-03-82
	10.00-13.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №15	Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр	72-03-80
	14.00-16.00	Майскэ къалэ, Накъыгъэм и 9-м и уэрам, 23	Колесников Юрий Александр и къуэр	72-03-70
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №14	Мазло Руслан БетIал и къуэр	72-03-70
	15.00-17.00	Прохладнэ къалэ, Щхьэхуитыныгъэм и уэрам, 178, «Фармцентр»	Беловэ Наталье Сергей и пхъур	72-03-06
Гъатхэпэм и 5-м, мэлыжьыхьым и 9-м	9.00-11.00	Шэрэдж район, Къэщкъэтау поселкэ, Мечиевым и уэрам, 108	Уянаев Борис Биязлукэ и къуэр	72-03-19
	10.00-12.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №15	Беппаев Суфян Узеир и къуэр	72-03-80
	12.00-14.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр	72-03-82
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №8	Иуан Петр Мацэ и къуэр	72-03-41
	15.00-17.00	Налшык къалэ, Лермонтовым и уэрам, 2, «Нарт», пэш №614	Къалмыкъ Жылэбий Адэлбий и къуэр	72-03-70
	15.00-17.00	Прохладнэ къалэ, Гагариным и уэрам, 32	Ирхин Андрей Александр и къуэр	72-03-19
Гъатхэпэм и 6-м, мэлыжьыхьым и 10-м	10.00-12.00	Налшык къалэ, Дубки хьэблэ, сымаджэщ къалэ цIыкIу	Щэрдан Нодар Iэбу и къуэр	72-03-06
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №7	Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур	72-03-70
Гъатхэпэм и 7-м, мэлыжьыхьым и 11-м	12.00-14.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	Шакъ Елберд Беслъэн и къуэр	72-03-82
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №14	Апхъуд Мурат Iэдэм и къуэр	72-03-70
	14.00-16.00	Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 53	Хьэгъэжей Беслъэн Хьэузин и къуэр	72-03-70
	14.00-16.00	Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 72	Блохин Андрей Виктор и къуэр	72-03-80
Гъатхэпэм и 8-м, мэлыжьыхьым и 12-м	10.00-12.00	Налшык къалэ, Кировым и уэрам, 2, пэш №32	Хьэтэжыкъуэ Валерий Назир и къуэр	72-03-70
	12.00-14.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	Къаныкъуэ Заринэ СэIэдулэ и пхъур	72-03-82
	14.00-16.00	Налшык къалэ, Марко Вовчок и уэрам, 4	Хутуевэ Светланэ Хьэнэфий и пхъур	72-03-06
Гъатхэпэм и 11-м, мэлыжьыхьым и 15-м	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №14	Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Хьэмид и къуэр	72-03-70
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	Темыркъан Борис Хьэту и къуэр	72-03-82
Гъатхэпэм и 12-м, мэлыжьыхьым и 16-м	10.00-12.00	Прохладнэ къалэ, Головко и уэрам, 194	Любуня Николай Григорий и къуэр	72-03-80
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №3	Чернышевэ Маринэ Борис и пхъур	72-03-06
	16.00-18.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №15	Бобылев Валентин Николай и къуэр	72-03-80
	16.00-18.00	Налшык къалэ, Ахъуэхъум и уэрам, 167 «а»	Караев Расул Шэрэбудин и къуэр	72-03-70
Гъатхэпэм и 13-м, мэлыжьыхьым и 17-м	10.00-12.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №15	Канунников Анатолий Данил и къуэр	72-03-80
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №17	Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр	72-03-19
Гъатхэпэм и 14-м, мэлыжьыхьым и 18-м	11.00-13.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №8	Щыхьмырзэ Мухьэмэд Музэчыр и къуэр	72-03-41
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр	72-03-82
Гъатхэпэм и 15-м, мэлыжьыхьым и 19-м	10.00-12.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	ЖьакIэмыхъу КIунэ Хьэжбарэ и пхъур	72-03-82
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №8	Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр	72-03-41
Гъатхэпэм и 16-м, мэлыжьыхьым и 20-м	11.00-13.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №7	Льгов Виктор Валентин и къуэр	72-03-70
Гъатхэпэм и 18-м, мэлыжьыхьым и 22-м	16.00-18.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №8	ХъуэкIуэн Мурат Хьэзрэталий и къуэр	72-03-41
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №14	Шэшэн МуIэед Гъумар и къуэр	72-03-70
Гъатхэпэм и 19-м, мэлыжьыхьым и 23-м	11.00-13.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №7	Шыпш Аслъэн Мыхьэмэд и къуэр	72-03-70
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №15	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр	72-03-80
Гъатхэпэм и 20-м, мэлыжьыхьым и 24-м	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №15	Котляровэ Марие Абрам и пхъур	72-03-80
	11.00-13.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №8	Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр	72-03-41
Гъатхэпэм и 21-м, мэлыжьыхьым и 25-м	9.00-11.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №8	Хьэшыр Светланэ Юрий и пхъур	72-03-41
Гъатхэпэм и 22-м, мэлыжьыхьым и 26-м	11.00-13.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №8	Абшаев Магомет ТIэхьир и къуэр	72-03-41
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр	72-03-82
Гъатхэпэм и 25-м, мэлыжьыхьым и 29-м	10.00-12.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №14	Палагаев Михаил Александр и къуэр	72-03-70
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №3	Къаскъул Владимир ФуIэд и къуэр	72-03-06
Гъатхэпэм и 26-м, мэлыжьыхьым и 30-м	10.00-12.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №15	Шабаев Леви Меир и къуэр	72-03-80
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	Этчеев Музэфар Шэрэбудин и къуэр	72-03-82
Гъатхэпэм и 27-м	12.00-14.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр	72-03-82
	15.00-17.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №17	Маслов Николай Александр и къуэр	72-03-19
Гъатхэпэм и 28-м	10.00-12.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №28	Кульбаев СулътIан Мухьэжыр и къуэр	72-03-82
	14.00-16.00	Жылагъуэ палатэ, пэш №14	Тхьэзэплъыж Мурат ТIулэ и къуэр	72-03-70
Гъатхэпэм и 29-м	15.00-17.00	Iуащхьэмахуэ район, Тырныауз къалэ, Эльбрус уэрам, 34	Энеев Махмут Узеир и къуэр	72-03-19

КъБР-м и спортсменхэм я бжыгъэм хохъуэ

(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

АдэкIэ Мамхэгъым къызэрыхигъэщамкIэ, гулъытэ хэха хуащI спортым дихьэх ныкъуэдыкъуэхэм хуэунэтIа лэжьыгъэм. Илъэс кIуам ахэр хэтащ Урысейм пашэныгъэ къыщыхьынымкIэ зэпеуэхэм, чемпионатхэм.

Гукъинэж хъуащ 2012 гъэм Налшык щекIуэкIа, КИФЩI-м и щIалэгъуалэ нэхъыфIу 1500-рэ, хьэщIэ мини 3-м нэблагъэ лъахэм къезышэлIа ещанэ «Кавказ джэгухэр» щIыналъэхэм я фестивалыр.

Спортым щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм я гугъу щищIым, министрым и къуэдзэм жиIащ, 2012 гъэм къриубыдэу республикэм и спортсменхэр зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэу 183-м зэрыхэтар, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм 502-рэ текIуэныгъэхэр, ехъулIэныгъэхэр къызэрыщахьар. Иужьрей Олимп Джэгухэм - Сидней, Афины, Пекин, Лондон щекIуэкIахэм - ди спортсменхэм дыщэ медали 2, дыжьыну 1, жэзу 4 щызыIэрагъэхьащ.

ИджыкIэ Олимп спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ Урысейм и командэ къыхэхам ди республикэм и гъэсэну 108-рэ, Олимп Джэгухэм химыубыдэ спорт лIэужьыгъуэхэр къэплъытэмэ - спортсмени 128-рэ хэтщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ Гъэмахуэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ центр. Абы и къалэн нэхъыщхьэщ гугъэ нэхъ уэзыгъэщI спортсмен ныбжьыщIэхэм зэгъэузэщIыныр, Урысейм и командэ къыхэхам хыхьэнухэр гъэхьэзырыныр. Абы хэтщ бэнэкIэ хуитымкIэ, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ, дзюдомкIэ, атлетикэ хьэлъэмкIэ къудамэхэр. Центрым зыщагъасэ илъэс 14-16 ныбжьхэм ит сабий 75-м. Мыгувэу а бжыгъэр 150-м нагъэсыну я мурадщ.

Спортым гурэ псэкIэ пыщIа спортсмен диIэн, абыхэм нэхъри гукъыдэж ягъуэтын папщIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, ахъшэ саугъэтхэр, мазэ стипендиехэр хуагъэуващ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэт спортсменхэм, абыхэм я тренерхэм. Апхуэдэу, 2012 гъэм и япэ мазихым абыхэм стипендиеу сом мелуани 4, 374-рэ ахъшэ саугъэту мелуани 9-рэ хухахащ. УФ-м и командэ къыхэхам спортсменхэр хуэзыгъэхьэзыр спорт IуэхущIапIэхэм федеральнэ мылъкум къыхэкIыу ахъшэкIэ зыщIагъакъуэ. Къапщтэмэ, 2011 - 2012 гъэхэм республикэм спортымкIэ и школ зыбжанэм сом мелуани 4,5-рэ хухахащ.

Олимп резервхэр щагъэхьэзыр сабий-ныбжьыщIэ спорт школхэм я программэр къызэзыгъэпэщ «Урысейм и олимпийцхэр дэзыIыгъ фонд»-м гранту мелуан зритынухэм хагъэхьащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ куейм щыIэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школыр.

2009 гъэм щыщIэдзауэ, республикэм щокIуэкI спорт инфаструктурэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ лэжьыгъэхэр. Абы ипкъ иткIэ, лэжьэн щIадзащ физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ, спорт лIэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэ IуэхущIапIэ, спортзал 11. КъызэрыгуэкI футбол губгъуэ 20 зэрагъэпэщыжащ. АлэрыбгъуIэрыщIхэр топ джэгупIэу 8-м, футбол цIыкIу губгъуэу 12-м щагъэтIылъащ.

2012 гъэм Сабий стадионыр зэрагъэпэщыжащ, Налшык къалэм, Лэскэн куейм хыхьэ Урыху къуажэм спорт комплексхэр ухуэныр щызэфIагъэкIащ. «Урысей зэкъуэт» социальнэ проектым ипкъ иткIэ, Май къалэм дэт Физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ IуэхущIапIэр зыхуей спорт IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. Лэскэн куейм хыхьэ Анзорей, Прохладнэ куейм и Прималкинскэ къуажэхэм Физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ IуэхущIапIэхэр щаухуэ.

Программэм ипкъ иту, мы гъэм Налшык, Нарткъалэ, Тэрч спорт IуэхущIапIэр дащIыхь. Физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ IуэхущIапIэхэр Налшык къалэ, Плановскэ, Дыгулыбгъуей, Куба, Малкэ, Къэхъун, Щхьэлыкъуэ, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Гундэлэн, Сэрмакъ, Хьэтуей къуажэхэм, Котляревскэ, Екатериноградскэ станицэхэм къыщызэрагъэпэщынущ.

- Нэгъабэ и закъуэ, федеральнэ мылъкум къыхэкIыу спорт инфраструктурэхэр егъэфIэкIуэным тедгъэкIуэдэну сом мелуан 276, 1-рэ къытIэрыхьащ. Мы гъэм мелуан 250-кIэ догугъэ. Мылъкур къытхуаутIыпщмэ, спорт утхэр хьэпшыпхэмкIэ, IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, футбол щыджэгу губгъуэ IэрыщIхэр ухуэным тедгъэкIуэдэнущ,- жиIащ министрым и къуэдзэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

• Брифинг

Нэхъ мащIэ мэхъу

Нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэпхъаджагъэ хьэлъэу 2527-рэ щалэжьащ. ХабзэншагъэкIэ зэрагъакIуэ Iэщэ зэмылIэужьыгъуэу 200-м нэблагъэ къытрахащ. Iэщэ къагъэсэбэпу ялэжь щIэпхъаджагъэхэр илъэс къэс нэхъ мащIэ мэхъу. Апхуэдэ бжыгъэхэр КъБР-мкIэ МВД-м щекIуэкIа брифингым щыжиIащ министерствэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Салказанов Вадим.

- ЩIЭПХЪАДЖАГЪЭХЭР щалэжькIэ къагъэсэбэп Iэщэм и нэхъыбэр хабзэр къызэпауду зэрахьэхэрщ. Ар пыщIащ зэпэщIэувэныгъэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм иджыри Iэщэ зэрыщыкуэдым. Пэжщ, илъэс къэс а бжыгъэр нэхъ мащIэ мэхъу, арщхьэкIэ щытыкIэр зэпIэзэрыт хъуауэ пхужыIэнукъым. Хабзэм тету яхъумэ Iэщэу щIэпхъаджащIэхэм къагъэсэбэпыр мащIэ дыдэщ, - къыхигъэщащ Салказановым.

Республикэм щIэпхъаджагъэ хьэлъэу щалэжьым 2012 гъэм кIэрыхуащ. ХабзэншагъэкIэ зэрагъакIуэ Iэщэу 189-рэ къытрахащ, абы щыщу 109-р автоматщ, 78-р пневматикэ Iэщэщ, 2-р IэрыщIщ. Iэщэ Iэмэпсымэу 15989-рэ, къагъауэ пкъыгъуэу килограмми 155-м нэблагъэ, къагъауэ Iэмэпсымэу 40 къытрахащ. Абы къыдэкIуэу хэхъуащ щIэпхъаджагъэу сэтей къащIым икIи процент 53,5-м нэсащ.

ЦIыху укIыным ехьэлIауэ ялэжьхэр процент 20,9-кIэ, фэбжь хьэлъэ игъуэтынымкIэ проценти 7,4-кIэ, цIыхум лей ехыныр процент 26,7-кIэ, теуэныр процент 27,3-кIэ, Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэр, къагъауэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу зэрахьа щIэпхъаджагъэхэр процент 18,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япыщIа щIэпхъаджагъэхэр зэралэжьам е ялэжьыну зэрагъэхьэзырым фыщыгъуазэмэ, фыхэтми къэвмыгъэлъагъуэу, абыкIэ хъыбар евгъащIэ хъунущ Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ Налшык щыIэ центрым.

Электрон хэщIапIэр: centrskfo@mail.ru

Пощт хэщIапIэр: 360003, КъБР, Налшык къалэ, Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 49. Урысей Федерацэм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и полицэм экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центр;

Телефоныр: 8-800-200-02-21.

Си еджапIэ - си къежьапIэ



Гъэсэныгъэр щIэныгъэм лъабжьэ хуащI

● Егъэджэныгъэ

Налшык къалэ дэт курыт школ №6-м иджыблагъэ щекIуэкIащ еджапIэ унафэщIхэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ я къуэдзэхэр зыхэта семинар. Ар теухуауэ щытащ школ директорхэм я къуэдзэхэм егъэджакIуэхэм я творческэ зэфIэкIым зиужьынымкIэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэр зыхуэдэм.

ЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэ къыщыпсэлъащ курыт школ № 6-м и унафэщIым и къуэдзэ Валуйская Валентинэ. Я еджапIэм и лэжьэкIэр и тегъэщIапIэу, ар тепсэлъыхьащ сабийм и гъащIэм школым щиубыд увыпIэм. Валентинэ и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ ныбжьыщIэм и гъэсэныгъэмкIэ, абы щIэныгъэ тэмэм бгъэдэлъхьэнымкIэ школым щылажьэ дэтхэнэ зыми жэуаплыныгъэшхуэ зэрихьыр икIи жиIащ абы и лъэныкъуэкIэ егъэджакIуэр сытым дежи и зэфIэкIым, Iэзагъэм зэрыхигъэхъуэным хущIэкъуу зэрыщытыпхъэр.

Щэрдан Анатолэ зи унафэщI курыт школ №6-м мы зэманым егъэджакIуэ 70-м нэблагъэ щолажьэ. Абы щыщу 36-м категорие нэхъыщхьэ, 12-м япэ категорие яIэщ, «КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэри, УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм я фIыщIэ тхылъхэр зиIэхэри, щIэныгъэхэм я кандидатхэри гупым хэтщ. Школым и егъэджакIуэхэр жыджэру хэтщ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм. Апхуэдэу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым егъэджакIуэ зыбжанэ щытекIуащ.

Школым иIэщ зэрыгушхуэн и гъэсэнхэри, абыхэм ящыщ куэдым я цIэр республикэм фIыкIэ щыIуащ. КъищынэмыщIауэ, абыхэм яхэтщ я егъэджакIуэхэр щапхъэ яхуэхъуу, а IэщIагъэм ирилэжьэну зэгуэр щIэныгъэм и дунейм щыхаша школым къэзыгъэзэжахэри.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм школым и егъэджакIуэхэм я Iэзагъэр здынэсыр ягъэунэхуну а махуэм Iэмал яIащ: предмет щхьэхуэхэмкIэ урок гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкIащ.

Адыгэ литературэмкIэ урок купщIафIэ 10-нэ классым щитащ егъэджакIуэ Бозий ФатIимэ. Лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр Теунэ Хьэчим и тхыгъэхэм къызэрыхэщым теухуа дерсым кърихьэлIат КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэу, филологие щIэныгъэхэм я доктор-хэу ХьэкIуащэхэ Андрейрэ Мадинэрэ, ЩоджэнцIыкIу Нинэ сымэ.

Дерсыр къызэIуахащ «1 КъБР» КъТК-м и лэжьакIуэ Хъуэжэ Жан Теунэ Хьэчим теухуауэ игъэхьэзыр ауэ щыта нэтынымкIэ. Ар здекIуэкIым ныбжьыщIэхэм ягъэзэщIащ тхакIуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ къызэщIэзыкъуэж тест лэжьыгъэр. ИужькIэ егъэджакIуэм и упщIэм жэуапираткIэрэ абыхэм наIуэ къащIащ Теунэм къикIуа творческэ гъуэгуанэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр. Ахэр тепсэлъыхьащ адыгэ литературэм, щэнхабзэм зегъэужьынымкIэ тхакIуэ цIэрыIуэм зэфIигъэкIахэм, ар зэдзэкIакIуэ, сценарист, критик Iэзэу, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшыжу зэрыщытам.

Теунэ Хьэчим и IэдакъэщIэкIхэу «Псэм и IэфIыр къуатмэ» романымрэ «Аслъэн» повестымрэ ягу зэрырихьар еджакIуэхэм къыхагъэщри, абыхэм лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр фIы дыдэу къызэрыщыгъэлъэгъуар жаIащ икIи абы щыхьэт техъуэу ар къызыхэщ Iыхьэхэр тхыгъэхэм къыщагъуэтри къеджащ. Зэныбжьэгъугъэр зи яку къыдэхъуэ лъэпкъитIым я лIыкIуэу «Псэм и IэфIыр къуатмэ» романым къыхэщ Ахьмэдрэ Благонравовымрэ я образхэр зэпкърахащ, гъащIэм лIыгъэр, ныбжьэгъугъэр зэрыщынэхъыщхьэр а лIыхъужьхэм я хьэл-щэным зэрадэплъагъуми тепсэлъыхьащ. Зи гуащIэмрэ зи щIэныгъэмрэ къызыхэкIа лъэпкъым хуэзыгъэлажьэ, цIыху гуапэу икIи хьэлэлу романым къыхэщыж Ахьмэд сыткIи щапхъэу къызэралъытэми и гугъу ящIащ.

Художественнэ гъэпсыкIэ и лъэныкъуэкIэ «Псэм и IэфIыр къуатмэ» романыр щызэпкърахым, еджакIуэхэм къагъэлъэгъуащ абы адыгэ хабзэр, IуэрыIуатэр, псалъэжьхэр къызэрыхэщыр, эпитет, метафорэ, олицетворенэ, зэгъэпщэныгъэ, нэгъуэщI Iэмалхэри куэду къызэрыщыгъэлъэгъуари жаIащ. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм тхыгъэм узыщрихьэлIэ псалъэжьхэр кърабжэкIри, абыхэм я мыхьэнэр къаззэрыгурыIуэм тепсэлъыхьащ, романым хэт лIыхъужьхэм ящыщу ахэр зэппх хъунухэр къагъэлъэгъуащ.

Теунэ Хьэчим литературэдж Iэзэу зэрыщытами и гугъу щащIащ дерсым икIи а унэтIыныгъэмкIэ абы и Iэдакъэм къыщIэкIа тхыгъэу зыщыгъуазэхэр кърабжэкIащ.

Ахьмэд хуэдэу къызыхэкIа лъэпкъыр зыIэтын цIыху и гъэсэнхэм къахэкIыну зэращыгугъыр егъэджакIуэм ныбжьыщIэхэм яжриIэри, узыхэтым, укъэзыухъуреихьхэм пщIэ яхуэпщIу, сыт хуэдэ щытыкIэ укъимыхутами, лъытэныгъэмрэ шыIэныгъэмрэ пфIэмыкIуэду ущытын зэрыхуейр ягуригъэIуащ. Теунэ Хьэчим и тхыгъэхэм лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр къызэрыхэщым теухуа сочиненэ ятхыну унэ лэжьыгъэу яритри, егъэджакIуэм, ныбжьыщIэхэр урокым къызэрыхэжаныкIам елъытауэ, оценкэхэр яхуигъэувыжащ.

Дерс нэужьым ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ ХьэкIуащэ Андрей. Абы къыхигъэщащ сабийхэм бзэ шэрыуэ зэраIурылъыр, Теунэ Хьэчим и творчествэм апхуэдэу кууу зэрыщыгъуазэр и гуапэ зэрыхъуар.

- Теунэ Хьэчим къызэралъхурэ нэгъабэ илъэси 100 ирикъуащ, - жиIащ ХьэкIуащэ Андрей. - Лъэпкъ литературэм абы хуищIа хэлъхьэныгъэм хуэдэ зыхузэфIэкIа гъуэтыгъуейщ. Теунэр и литературэ тхыгъэхэм я закъуэкъым ди тхыдэм къызэрыхэнар, ар икIи журналист цIэрыIуэу щытащ, республикэм къыщыдэкI газет зыбжанэм я Iуэхур зэтеублэным, ефIэкIуэным и гуащIэшхуэ хилъхьащ, абы и лъэныкъуэкIи зэфIигъэкIар зыхуэдэм тэмэму куэд щыгъуазэкъым.

ХьэкIуащэм ныбжьыщIэхэм къаригъэщIащ тхакIуэм и гъащIэм теухуауэ нобэр къыздэсым нэсу къэхута мыхъуа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэу Андрей къыхилъхьащ Теунэ Хьэчим и цIэр я еджапIэм фIащыныр игъуэу къызэрилъытэр, тхакIуэм и творчествэм теухуа музей къызэIуахынуи къыхуриджащ икIи жиIащ илъэс къэс зы махуэ хахыу абы теухуа зэIущIэхэр къызэрагъэпэщтэмэ, щIэблэр литературэм нэхъ дегъэхьэха зэрыхъунур.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.
Сурэтыр ХОЛЛАЕВЭ Любэ *трихащ.*

Зэныбжьэгъухэм я зэIущIэ

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Iуэхур зэфIэзыгъэкIыным Iэмал къегъуэт, хуэмейм щхьэусыгъуэ къелъыхъуэ. Ар къабыл умыщIынкIэ Iэмал иIэтэкъым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ Змейкэ жылэм дэт курыт школ №1-м щекIуэкIа зэхуэсым ухэтамэ. Абы осетиныбзэм и гъусэу щызэхэпхынут адыгэбзэри шэшэныбзэри. КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм нэмыщI, нэгъуэщI фIы гуэри щымыIэжу къыщыпщыхъу мы зэманым утегушхуэу щIыпIэ зэщымыщхэм къипшу хьэщIэ къебгъэблэгъэныр еджапIэм дежкIэ къызэрыгуэкI Iуэхутэкъым, куэд зытемыгушхуэнт. Змейкэм и цIыхухэр хуейти, тегушхуащ икIи гуимыхуж зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ. Мыр ныбжьэгъугъэм и фестивалт.

ЗМЕЙКЭМ дэт школышхуэм къуэш республикэхэм я еджакIуэхэр ирагъэблэгъауэ ягъэхьэщIэу арат. Зы гупыр Грознэм дэт гимназием и сабийхэрат, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIат Урыху къуажэм дэт еджапIитIым я сабийхэр. Плъагъун хуейт школым и унафэщIхэм, егъэджакIуэхэм, еджакIуэ цIыкIухэм я гур зэIухауэ, хьэщIэ къэсым уэрамыпэм щыIущIэрэ ирагъэблагъэу, еджапIэм щIашэу, щыгъын щIыIутелъхэр Iэпахрэ ягъэзагъэу зэрахьэ хьэщIагъэр. ЩIыхьэпIэм хуэкIуэ лъагъуэм и лъэныкъуитIымкIи лъэпкъ фащэ зыщыгъ ныбжьыщIэхэр еувэкIат, Iуэхур зэхэзыублахэм гуфIэгъуэм къыхуащтэ хабзэ хъыршынищымрэ псыIэфI зэрыт кхъуэщынымрэ яIэщIэту бжэшхуэ зэIухам деж къащыпэплъэрт. КъэкIуахэм нэхъ лейуэ я гуапэ ящIыну хуейти, фIэхъусыр адыгэбзэкIи шэшэныбзэкIи зрагъэщIауэ кърахт. ХьэщIэхэр зыщIаша пэшышхуэм и блыным фIэлъ экраным итт республикищми я ныпыр, ихъуреягъыр шар гъэпща зэмыфэгъухэмкIэ гъэщIэрэщIат. Инми цIыкIуми я нэгум нурыр кърихырт, псори зэхуэгуфIэрт, зэщыгуфIыкIырт. ХьэщIэхэри хэгъэрейхэри я цIэхэмкIэ зэджэну Iэмал яIэт, къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Дзуцевэ Риммэ Болей и пхъум игъэхьэзыру къарита бейджикхэм ахэр тетти.

Къеблэгъахэри нэшхуэгушхуэти, зызыпIытIи зызыхузи яхэттэкъым. Псоми зэгъусэу къызэхаплъыхьащ школыр, классхэр, пэш щхьэхуэхэр зрагъэлъэгъуащ. ГуфIэгъуэр щекIуэкIыну пэшышхуэм къыщагъэзэжам, нэхъыжьи нэхъыщIи зэрахуэфэщэнкIэ кърагъэтIысэкIащ пхъэщхьэмыщхьэрэ IэфIыкIэрэ зытелъ стIолхэм. Ныбжьэгъугъэм теухуа псалъэ дахэхэр, уэрэдхэр, Кавказым ис лъэпкъхэм я къафэхэр - псори къыщыбгъуэтынут осетин сабийхэм гуфIэгъуэм хуагъэхьэзыра зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм. Ди нэгу щIагъэкIащ мы лъэпкъым я бжэри я псэри хэт и дежкIи зэрызэIухар, пщIэрэ нэмысрэ кIэлъызэрахьэу ахэр я гъунэгъухэм ядэпсэуну зэрыхуейр.

ХьэщIэхэри елIэлIащ щхьэж зыщыщ лъэпкъым и щэнхабзэр къагъэлъэгъуэным. Адыгэ гупым я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм зэрыщIидзар Мэкъуо Заринэ иригъэкIуэкIа психологие лэжьыгъэмкIэщ. Ар пэшым щIэс псоми ядэлэжьащ, езыхэм гурыщIэ дахэ къапкърыхьэу абыкIэ къабгъэдэсхэм, унэм къагъэнахэм, я цIыхугъэ псоми ядэгуэшэн хуэдэу зэтриублэу. Заринэ еханэ классым щIэсу аращ, ауэ Iэзэу урысыбзэкIэ зэрыпсалъэмрэ дахэу сценэм зэрызыщиIыгъымкIэ ягу дыхьауэ кърихьэлIахэм къыхагъэщыжащ.

Дэтхэнэ лъэпкъми и хьэл-щэныр, и щытыкIэ нэхъыщхьэр къафэм хуэдэу къызыхэщ щыIэу къыщIэкIынкъым. Адыгэхэми шэшэнхэми утыкур ягъэдэхащ, я анэдэлъхубзэкIэ уэрэдыр кърашащ, я республикэхэр зыхуэдэр усэбзэ дахэкIэ къаIуэтащ. Урыху икIа еджакIуэхэм я программэр ирагъэкIуэкIащ Срыкъуэ Iэдэмрэ МаскIэ Аринэрэ. Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ Былымгъуэт Iэмин фащэ екIур щыгъыу игъэзэщIа къафэм. Нэгъуей Залинэ и гимнастикэ зэфIэкIхэм пэшым щIэсауэ хъуар ихьэхуащ. Анимыкъуэ Заремэ утыкум и щыпэ ихьэтэкъыми, уэрэджыIакIуэ дыдэ хуэдэт и гъэзэщIэкIэкIи и зыIыгъыкIэкIи. Гугъуэтыж Миланэрэ Дзэгуей ФатIимэрэ я усэхэм псэкIэ къызэреджэр зыхэпщIэрт. Хъыджэбз къафэ къэзыгъэлъэгъуа гупым яхузэфIэкIащ адыгэ пщащэхэм яхэлъ щыпкъагъыр, щабагъыр, укIытэр, лантIагъыр псоми я фIэщ ящIыну. Ахэр Анимыкъуэ Заремэ, Жэмбей Мариannэ, Шорэ Ланэ, Блий Iэсият, Къул Маринэ сымэщ. Дезыгъэблэгъахэр гумащIэ къищIат Блий Каринэ осетиныбзэкIэ яжриIа хъуэхъум.

Дауи, узэрыгушхуэн ущиIэм деж ар къыхибогъэщ. Апхуэдэу, ЛIыхъугу Къантемыр, Шорэ Тамерлан, Гугъуэтыж Тамерлан сымэ къеджащ математикэмкIэ езыгъа-джэ Блий Тамарэ Михаил и пхъум и усэ хьэлэмэтхэм.

Сабийхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр тэмэм хъуным елIэлIащ егъэджакIуэхэу Уэдыхь Маринэ, ХьэцIыкIу Рае, Хьэпажэ Ларисэ.

Псом нэхърэ нэхъ гухэхъуэр къыщыхъуар зэхуэсым и щэнхабзэ Iыхьэр зэфIэкIа нэужьщ. Сыхьэт бжыгъэкIэ екIуэкIа джэгум мыр адыгэ макъамэщ, мыдрейр шэшэнщ жамыIэу, сыт хуэдэ къеуэми, лъэпкъищри зэгъусэу къыдэфэрт. Адыгэ щIалэм осетин хъыджэбзыр къыдишырт, шэшэным адыгэр къигъафэрт. Абыхэм еплъ балигъхэми къыдгурагъэIуащ: сабийхэр псэ къабзэщ, я гур зэIухащ, ныкъуакъуи фыгъуи яку илъкъым. Ахэр насыпыфIэу псэуфынущ, балигъхэм я гъэсэкIэм зэIимыгъэхьэмэ.

Змейкэ жылэм дэт курыт школ №1-м и унафэщI Азизов Щамил Азиз и къуэм зэхуэсыр къыщызэIуихым акъыл къызыхэпхын псалъэ Iущ куэд Iуэхум хэтхэм яжриIащ. Абы къыхигъэщащ мамырыгъэ нэхъ дызыхуей зэрыщымыIэр, дэтхэнэ цIыхури лэжьэну, гъащIэр игъэдэхэну хущIэкъун зэрыхуейр, зэгъунэгъу лъэпкъхэр ныбжьэгъугъэм, благъагъэм нэхъ къулей зэрищIынур. Апхуэдэу ар къытеувыIащ езыр дагъыстэн лъэпкъыу зэрыщытыр, етIуанэ хэку хуэхъуа Осетием нэмыс щигъуэту илъэс куэд лъандэрэ зэрыщыпсэур, лъэпкъ зэхэгъэж мы республикэм зэрыщемыкIуэкIыр.

Iыхьэ лейм икIауэ ди гуапэ хъуащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ директорым и къуэдзэ Цораев Майрам Владимир и къуэм жиIар: «Сэ си щIалэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщылэжьащ илъэситкIэ. Нобэ си ныбжьыр здынэсам схужыIэнущ адыгэхэм хуэдэу цIыхум хьэщIагъэ езых лъэпкъ сызэрыримыхьэлIар. Осетинхэри абыкIэ адыгэхэм далъэщIыхьэркъым. Сэ ахэр фIыуэ солъагъу, сыадыгэщ жызыIэ дэтхэнэми нэ лейкIэ соплъ».

Мыбы кърихьэлIат район администрацэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым я лIыкIуэхэр, адэанэхэр, къуажэдэсхэр.

Сыхьэт пщыкIутIым къыщыщIэдзауэ сыхьэтитху хъухукIэ екIуэкIа Iуэхум гурымыхьу зы дакъикъи къыхэкIакъым, къызэрырихьэлIам хущIегъуэжаи щыIакъым. Джэгурэ къафэкIэ, гушыIэкIэ гъэнщIауэ кIуащ зэманыр. Дызэрырагъэблэгъам хуэдабзэу къытщыгуфIыкIыу, дахэ къыджаIэу, гунэс дазэрыщыхъуар къыхагъэщу дыкърагъэжьэжащ, я балигъхэр къыткIэлъыхъуахъуэу, я сабийхэм Iэ къытхуащIу.

Мы школым илъэсий и пэкIэ мыпхуэдэ дыдэ зэхуэс ящIауэ щытащ. Иджыблагъэ яублэжа Iуэху дахэр хабзэ хъун хуейуэ дгъэуващ кърихьэлIа егъэджакIуэхэм. Грознэм къикIа хьэщIэхэм я курыт школым драгъэблэгъащ накъыгъэ мазэм дыкIуэну. Абы иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым чэзур еин хуейуэ дызэгурыIуащ.

Шэч къытетхьэркъым сабийр мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щIэпIыкIын зэрыхуейм. Ди къэкIуэным фочауэ макъ хэмытыным телажьэ зы Iуэхугъуэ Змейкэм и егъэджакIуэхэм ди нэгу щIагъэкIащи, фIыщIэри щытхъури абыхэм ейщ, ядэтIыгъыныр, пытщэныр ди къалэнщ.

Мы Iуэхум сригъэгупсысащ: адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ фIыуэ зэрыцIыхуу тхужыIэну? Зы республикэ дызэрисым нэмыщI, сыт ди сабийхэм зэдащIэр? Дэ дихуатэкъэ дызыщIэзыгъэгупсысыжын щытыкIэ? Зэгъунэгъу дыхъун папщIэ сыт длэжьа? Утыку къихьэн хъумэ, нэхъыбэрэ къихьэр лъэпкъ зэщIэгъэстхэракъэ? ЩIыпIэ куэдым къикIа цIыхухэр зэхэзышэ Iуэхухэр щокIуэкI ди республикэми, ауэ езым щыпсэу лъэпкъ зэщымыщхэр зэпэгъунэгъу зыщI Iуэху нэхъыби дыхуейщ.

ХЬЭЦIЫКIУ Рае,
адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ.

● ФIыщIэ

Гушхуэныгъэ къытхелъхьэ

Сэ сыщоджэ Налшык къалэ дэт курыт школ №25-м и 9-нэ классым. Ди егъэджакIуэхэм щIэныгъэ къыдат къудейкъым, атIэ гъащIэм дыхуагъасэ, гушхуэныгъэ къытхалъхьэ.

ПСОМ хуэдэжкъым тхыдэмрэ технологиемкIэ дезыгъаджэ Пушкарёвэ Маринэ. Ар щабэщ икIи гуапэщ. Апхуэдэуи Маринэ хуабжьу къытхуэнабдзэгубдзаплъэщ, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным лъэпощхьэпо гуэрхэр къыхэкIми, дэIэпыкъуэгъу къытхуохъу, чэнджэщ щхьэпэхэр къыдитурэ.

ФIыуэ слъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу, фIыщIэ хуэсщIыну икIи Бзылъхугъэхэм я махуэшхуэ къэблэгъамкIэ сехъуэхъуну сыхуейт ди егъэджакIуэ щыпкъэм. Узыншэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ иIэу куэдрэ дунейм Тхьэм тригъэт и гъэсэнхэм къытхуэгуапэ егъэджакIуэр.

ХЬЭТУ Астемыр.
Налшык къалэ.

Ди лэжьыгъэр къыддегъэпсынщIэ

● ЩIэ

ЦIыхум фIыуэ илъагъу IэщIагъэр къыхихрэ абы ирилажьэмэ, ар и насыпым щыщ зы Iыхьэу къысщохъу. КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэр 1981 гъэм къэзухыу сыщалъхуа Аушыджэр къуажэм дэт курыт школым егъэджакIуэу къызэрызгъэзэжрэ заул дэкIащ. Абы лъандэрэ блэкIа зэманым лъэпкъыбзэр езыгъэджхэм ди Iуэхур зэмыщхьурэ екIуэкIащ - зэм ефIакIуэу, зэми екIакIуэу.

ЛЭЖЬЭН щыщIэздагъащIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэр щытыкIэ хъарзынэм дитт: сыхьэт бжыгъэр пэрыхьэтт дызыхуей тхылъхэмрэ методикэ пособиехэмрэ зэмылIэужьыгъуэ куэд мыхъуми, псоми диIэт, нэхъ пасэу къыдэкIауэ щыта плакатхэмрэ таблицэхэмрэ ди Iэдэжти, хуиту дерсхэм кы- [illegible]

щIэхэр къызыхэщ къыдэкIыгъуэхэр. Къапщтэмэ, егъэджакIуэхэр хуабжьу дыщыгуфIыкIащ иджыблагъэ къытIэрыхьа таблицэщIэхэм. Адыгэбзэм и хабзэхэр зэпкърыхауэ зэрыт, тхылъымпIэ Iувыфым иту къыдэкIа а таблицэхэр дунейм къытехьэным я гуащIэшхуэ ирахьэлIащ анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэ Iэзэхэу Токъу Сарэрэ Мэшыкъуэ Iэсиятрэ. Сарэрэ Iэсиятрэ кърахьэжьа Iуэху дахэр ядиIыгъащ «Тхылъ» [illegible]

щагъэсэбэп компьютер дискхэр. Абы къыхэкIыу ахэр иджырей зэрырагъаджэ мардэхэми яхуокIуэ.

ЖыпIэнурамэ, таблицэщIэхэр зэман кIыхькIэ хуабжьу дызыхуэныкъуа хьэпшыпщ. Абыхэм къызэщIаубыдэ адыгэбзэм ехьэлIауэ гулъытэ зыхуэщIыпхъэ дэтхэнэ Iуэхугъуэри. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Адыгэбзэ алфавитыр», «Бзэр зэрызэхэт Iыхьэхэр», «Адыгэ алфавитым и тхыдэр», «Адыгэбзэм и пычыгъуэ лIэу- [illegible]

дерсыр нэхъ гурыIуэгъуафIэ, щIэщыгъуэ ящIу, ядж темэр нэхъ гукъинэ ящыхъуу. Таблицэхэр къэбгъэсэбэп хъунущ сабийхэр гуп-гупу щебгъаджэкIи щхьэхуэу уащыдэлажьэкIи.

Адыгэбзэр курыт школым щезыгъэджхэм, пэщIэдзэ классхэм щылажьэ егъэджакIуэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхудощI лъэпкъым хуэщхьэпэн Iуэху дахэ куэдым я жэрдэмщIакIуэ Токъу Сарэрэ Мэшыкъуэ Iэсиятрэ. [illegible]

ШЭШЭН Людмилэ,
Аушыджэр къуажэм дэт курыт школым и егъэджакIуэ.

● НыбжьыщIэ зэпеуэхэр

Къэхутэныгъэхэм дахьэх

Хабзэ хъуауэ, НыбжьыщIэхэм я творчествэм зыщрагъэужь республикэ центрым илъэс къэс щокIуэкI щIэныгъэлI цIэрыIуэ Вернадскэм и цIэр зезыхьэ еджэныгъэхэм я щIыналъэ Iыхьэр. Конференц жыпхъэм иту иджыблагъэ екIуэкIа апхуэдэ зэхуэсым хэтащ къэхутэныгъэ зэхуэмыдэхэм дахьэх ныбжьыщIэ 300-м щIигъу. Абыхэм я лэжьыгъэхэр, зытеухуам елъытауэ, щагъэлъэгъуащ секцэ 36-м.

ЕДЖЭНЫГЪЭХЭР къызэзыгъэпэщ гупымрэ зэпеуэм и къэпщытакIуэхэмрэ зэрыжаIэмкIэ, конференцым хэтыну гукъыдэж зыщI ныбжьыщIэхэм я бжыгъэр зы илъэсым нэхърэ адрейм нэхъыбэ хъууэрэ макIуэ. Абы щIыгъуу зеужь икIи йофIакIуэ егъэджакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, школакIуэхэм я зэдэлэжьэныгъэр. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм къарикIуэ къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд къагъэхьащ республикэпсо конференцым.

Конференцым и лэжьыгъэм унэтIыныгъэ куэд къызэщIеубыдэ. Ахэр ехьэлIащ географие, ботаникэ, зоологие, медицинэ, филологие, литературэ, педагогикэ, гъуэздж, философие, математикэ, информатикэ щIэныгъэхэм. Зэхуэсым и утыкум къращащ лэжьыгъэхэм яшыщу унэтIыныгъэ къэс хуэзэу нэхъыфI дыдэу щы къыхахыныгъэ. Абыхэм Iэмал яIэнущ Вернадскэм и цIэр зезыхьэ урысейпсо зэхыхьэм и зэпеуэ нэхъыщхьэу Москва щекIуэкIынум хэтыну.

ТАМБИЙ Линэ.

● ЩIэблэ зэчиифIэ

Зи насып къэкIуэгъуэ Амирэ

Зи гугъу фхуэсщIыну пщащэ цIыкIур Ислъэмей къуажэм щыщ, 2-нэ классым щеджэ Шыгъэлыгъуэ Амирэщ. Дадэм нэм хуихьрэ нанэм псэм хуигъадэ хъыджэбз цIыкIур и ныбжьхэм къахощ художественнэ гимнастикэмкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIхэмкIэ.

ХЭТИ ещIэ гимнастикэр зэрымытыншыр, абы къигъэув мардэхэм пэлъэщыныр [illegible] Амирэ гимнастикэм дихьэха зэрыхъуам дыщыщIэупщIэм, абы и анэшхуэм къыпыгуфIыкIыурэ жеIэ: «Амирэ иджыри зэмыкIуэ щIыкIэ нэрылъагъу хъуат и Iэпкълъэпкъыр ямылейуэ зэрылантIэр. Ар зылъагъу ди гъунэгъухэм, ныбжьэгъухэм жаIэрт хъыджэбз цIыкIур гимнасткэ зэрыхъунур. «ПэлъэщIыну пIэрэ?» - жытIэу дыгузавэрт ар Налшык дгъэкIуэн щыщIэддзам. Сабийхэм я творчествэм зыщрагъэужь центрым зыщигъэсэнри школ еджэнри фIы дыдэу зэдехь иджы Амирэ, и адэанэри адэшхуэ-анэшхуэри и ехъулIэныгъэхэмкIэ дигъэгуфIэу».

Пэжу, Амирэ фIы дыдэу йоджэ. Хъыджэбз цIыкIум хуабжьу къыхуэарэзыщ и егъэджакIуэхэр, и гъэсакIуэри къыщотхъу. Псом хуэдэжкъым абы иужьрей зэманым зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэр. Ставрополь художественнэ гимнастикэмкIэ гъэ къэс щекIуэкI щIыналъэпсо зэхьэзэхуэм Амирэ нэгъабэ ещанэ увыпIэр, мы гъэм - етIуанэр къыщихьащ. Хэт ищIэн адэкIэ къэхъунур?

Амирэ щIыкIу дохъуэху и зэфIэкIхэм хигъахъуэу, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIригъэхъэу псэуну. Олимп Джэгухэм я лъагапIэхэм унэсыну, адыгэм и цIэр жыхьэ щыбгъэIуну, зи насып къызыгъэу пщащэ дахэ!

КЪАРДЭН Мухьэмэд.
Бахъсэн куей.

Макъамэ Іэмэпсымэхэр къэзыгъэщІэрэщІэж Еуаз Зубер

ШыкІэпшынаеу цІэрыІуэ Еуаз Зубер ди хьэщІэщым къедгъэблагъэри, упщІэ зыбжанкІэ зыхуэдгъэзащІ. Абы къыддикІаухэм фыщыдогъэгъуазэ.

- Зубер, адыгэм и макъамэ Іэмэпсымэхэм уэрыдахъэхамрэ ахэр Іэщ1агъэ зэрыпхуэхъуамрэ къыддеІэн, ди гуапэт.

- Макъамэм пасэу сыдихьэхащ. СыщІыкІуу, иджыри тэмэму сымыпсэлъэфу, «Зубер, мыпхуэдэу сеуэну сыхуейщ» жысІуурэ Іэпэкі Іэ згъэльагъэурэ, гитарэ я гугъэри къысхуащэхуауэ щытащ. Сэ нэгъэущІ сызыхуейр, зэрелджэр сщІэртэкъым армыхъуам. Си адэ-анэм дохутыр къыслэкІмэ нэхъ кьащтэрт, ауэ сыкъуэдгъэхьепэрт, шыкІэпшынэрэ зэхэсха хьащ. Сызигъэсэн Бетрожь Аслъэн зэуэ макъамэ Іэмэпсымэхэр сэри сфІэгъэщІэгъэнт. Псом хуэмыдэу зыкІэпшынэм нэхъ сыдихьэхати, ар зэгъэпэщыну си хьэупсапІэт. Хьурей Феликс 1982 гъэм Ойберман Владимир Одессэ кьриншауэ щытащ «Бакъамий» ансамблир зыхуеІуэу макъамэ Іэмэпсымэхэр иригъэщІыну. Абы 90 гъэхэм сыхуеІэрэр, шыкІэпшынэ схуиІыну сельэІуащ. Ойберманым сыкІэлъыпльэрэ, сэри а Іуэхум сызэрыдихьэхам гу щыльытэм, сигъэсэну жиІащ. Хуэмурэ сыдихьэхьепэрм, шыкІэпшынэр, Іэпэшынэр, пшынэ дыкъуакъуэр, пхьэцІыкІыр, нэгъуэщІ адыгэ макъамэ Іэмэпсымэхэр тщІын гъэгъэкащ.

Абхъазми ди шыкІэпшынэм хуэдэ яІэщ, зы лъэпкъыу дызэрыщытым и нэщэнэу. Адыгейм и музейм щІэлъ Іэмэпсымэхэмэ сеплъащ. ХьэхъупащІэ Хьэсэнрэ Щаулъэкъ Елмырзэрэ ящІа шыкІэпшынэхэр, Серебряковым (Даутокуаевэ) Заурбэч и ІэтащІэнэр, нэгъэущІхэри ди Лъаэхэутэ музейм щыхьумэ. Пасэрей адыгэ шыкІэпшынэм и сурэт къысІэрыхьэри, абыи иджыблагъэ кьытесщІыкІыжащ. КІуэ аракъэ, зы илъэсиі 100-м щІигъуэ хъунщ апхуэдэ шыкІэпшынэ иужь дыдэу зэращІэр. Пасэрей шыкІэпшынэм уи закъуэ уеуэн хуейуэ аращ. ХХ-ІІ-щІыпІэгъуэм и пэщІэдзэхэм Щаулъэ Елмырзэ шыкІэпшынэм щІыхунІ-щІы уздеуэфын хуэдэу зы жьипхъэ гуэрым иригъэувэри, а Іэмэпсымэм и къэухьым зригъэбгъуат. Иджыпсту сызэлэжьыр апхуэдэ шыкІэпшынэщ, ансамбль кьыгэбгъэпэщынуэ е гупсуныкъу уихьэнуэ къэбгъэсэфэн хъунущ.

- Адыгэм и гъащІэм шыкІэпшынаеум щиубыду щытаращ увыпІэмрэ нобэ иІэ хъуа мыхьэнэмрэ кьыгтхуегъэлъхьыт.

- Дауи, пасэ зэманым дзэгуакІуэм, шыкІэпшынаеум адыгэм и гъащІэм мыхьэнэшхуэ щиІащ. ХьэгъуэлІыгъуэм, хьэщІэщым щащІ джэгум, зекІуэм, тхьэлъэІум, пэгъуэвэм, дунейм ехьажа щІыхум и дауэдапщэм ирагъэблагъэ джэгуакІуэм, шыкІэпшынаеум и пщэм кьалэнышхуэ кьыдэхуэрт. ЩІыхр дунейм кьытехьа яхуэхьа, нэжджан (ящынкІуэ щІыпІэхэм уэжджан щыжаІэрт) зэхьаІуэ тхъэльэІур ящІырт, уэрэд жаІэу, шыкІэпшынэ еуэу.

Сабийхэр уэрэдкІэ, макъамэкІэ кьагафэу, ягъэжьэу щытащ. Нанэ цІыкІуэр щагъэжейкІэ гущэкъу уэрэдхэр шыкІэпшынэм кьрагъэкІырт. Кьищынэмыщ1Іауэ, зекІуагъащІэхэр техьэулеикІыу зы щІыпІэкІэ кІуэуэ щалъагъукІэ, уэрэд жрАІуэрэ кьрагъэхъэзэжырт. Уэрэдымрэ макъамэмрэ щІэблэр зэхьэкІуэжкІ Іуэхум хэмыІэбэу. Ауэ, псори зэтраукІа нэужь, джэгуакІуэм и кьалэнт, зы цІыху нэхъ мыхьэуми кьеларэ, ар зыхуэсят хуигъэзэну. ИужькІэ кьыпэщылът кьызыдджІа жьызм ирагъэжьауэ Іуэхур зэхуэсурэ гъыбзэ хуауэ хабзэт. Мазэ бжыгъэкІи щызэхэс щыІэт, уэрэдыр и кІэм нагъэсхуэ зэбгрымыкІыжу.

Сымаджэ хьэлъэм щІопщакІуэ хуащІу щытащ. ЦІыхухэр зэхуэсыртри, сымаджэм епщэурэ (макъамэ щІэту) уэрэд щхьэщахьыт. ШыкІэпшынаеур, джэгуакІуэр а Іуэхум и курыкупсэм хэтт. ЩІэнэгъэ хьэлъэм шэ кьыхахьжыхуу шыкІэпшынаеур щхьэщыст. Щыхуэр псым итхьэламэ, псыхэгъэ ящІырт. ДжэгуакІуэр псы Іуфэм Іуту ехьырт шыкІэпшынэ еуэу, уэрэд жиІэу. Апхуэдэу зыхьдэр кьагъэутыжьырт.

Пщыпрэ уэркьымрэ джэгу щащІыр хьэщІэщрат. Уэркъэхэр мыхьэмэ, пщыхэр кьафэу щытакьым. «Пщы нэсыр кьафэркъым, хьэфІыр банэркьым» уэрэдыжьми кьыхоощыж ар. Уэрамым джэгу щызыщІыр щІыху кьызыргуэкІэмрэ лъхукъэлІэмрэ рэт. ХьэщІэщым кьышцеуэу щыта макъамэмрэ щІыбым, уэрамым кьыщыІымрэ фІыуэ зэщхьэщыкІырт. ХьэщІэм уэрэдхэр гъыбзэу кьафІэщІ ми, ахэр щІыхухэр зыщІэзыгъэгупсысыж, зыкъэзыгъэщІэжт.

ЩІыхухэр нобэ есащ зэдаІуэ уэрэдыр щІыхуейм дежи ягъэувыІэну е кьыщІрагъэдзэжыну. Сэ сышыкІэпшынаэущи, илъэс миным щІитіуа пшынальэм сеуэу уэрэдыжьым и курыкупсэм сызджэтым, «Зэ гъэрыІэт», - жаІэу щІалэхэр кьыздэрыувыр емыкІуу кьызольытэ. Пасэм тезыршхуэ тралъхэнкІэ хъунут пшынальэр зэпызыщыдым. ШыкІэпшынаэм ихъэпэм пщІэшхуэ хуащІу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, а Іуэхум нобэ зихьэжащ.

- Нэгъабэ япэу ди республикэм щагъэлъэпІащ Лъэпкъ фащэм и махуэр. ЩІалэгъуэлъэм адыгэ фащэр кьыздэращэжыр, шыкІэпшынэм зыхуагъэсэну гукъыдж зэраІэр узыгъэгуфІэ Іуэхущ. Мы Іэмэпсымэр адыгэм Іэпэгъу яхуэщІыжьыным теухуа лэжьыгъэ зэребгъэкІуэкІым дыщыгъуазщ...

- Зы илъэситхукІэ уэрэдыжьым, фащэр Іыбгъэ зэращІам и нэщэнэу, ар зэзыхьэу пльагъэр закъуэтІакъуэт. Дуней псом къащта ди лъэпкъ фащэр адыгэм зетхьэжыныр щІыхь зыпылъ Іуэхущ, щалэгъуалэм ар зэрызыщІатІэгъэжар гуапэщ. ХьэгъуэлІыгъуэ, лъэпкъ зэхуэс, Адыгэбзэм и махуэ, зэкІэ Іэмэпсымэм хуеджэн зэпызыгъуэахэри яхэтщ, шыкІэпшынэ зрагъэзэщмэ, пащэжьым я мураду. Гъэмахуэм зэрызагъэкъухуу щаэзрькы-гъэсэбэпу Іэмэпсымэм хуеджэнуэхэри куэду щыІэщ. Мейкъуапэ щыщ щІалэхэми я нэ къоКІ Налшык кьакІуэу си деж зыщагъэсэну.

Республикэм иц ныбжьыщІэхэм я узынщагъэр щагъэфІакІуэ «Нэмыс» центрым иджыгблагъэ срагъэблэгъащ. Сабийхэр шыкІэпшынэм егъэзгІуащ, Іэмэпсымэр яІэщІсІыхьэуэ зэреуэнур езгъэлъэгъуащ. Кьищынэмыщ1Іауэ, «Хьэтхэр» ансамблым и гъэсэнхэм шыкІэпшынэр едгъэщІыхуащ. Ныбжьыщ1Іэхэм шыкІэпшынэм и макъамэ ягу зэрырихьам и мызакъуэу, макъамэм кьыдэфэну хуейхэри куэд хьурт. ШыкІэпшынэм зэзыгъэсэну, а Іэмэпсымэр зэзыгъэпэщыну зы зэуэпсІэпэхэри кьаухэкІащ. Иджыгей сабийхэм сохъуапсэ си щхьэкІэ: абыхэм я ныбжьым сыщитым сэ шыкІэпшынэр зэхэсхат, ауэ сльэгъуатэкъым.

- ШыкІэпшынэ зэращІым и щхьхэмри щІалэхэр хэбгъэгъуазэр?

- Зы Іуэху гъэрым и ужь ущихьэкІэ гурэ псэкІэ абы ухуэхъэзыру щытын хуейщ, арыншамэ, къохьуІэІэнукъым. ШыкІэпшынэ пщІыну кьызэрымыкІуэу гугъэщ. Пэщэщэнейщи, зы шыкІэпшынэм зэманы мазиблым нэблагъэ пфІэхь. УпхъащІэ кьудейкІи зэфІэкІынукъым. Макъамэр-щэ? Ар дауэ кьызэрибгъэкІынур? Пхъэм гъэкІуэ тепха нэужь, гъэтІуэуэрэ нэсар нэмысар зэхэбгъэкІын, макъым уедаІуэзурэ зэтебухуэн хуейщ. Пхъэм езым кьыбжеІэ ар. ИтІанэ, я Іэмэпсымэм зыщІеджлэжьыну льэщащІрэ пхъэкІэ дыкъызэригъэзэнщ. Сыгъ щыгъуи дызыхуей-дызыхэфІхэмкІэ и нэІэ кьыттетщ, Іуэхур зэредгъэфІэжкІэ, Іуэхуэм теухуа и чэнджэщхэр кьыдехьэлІэри, Тхъэр арэзы кьыхухьу. Абы зэрыжаІэмкІэ, лъэпкъыр щыІэмэкъыр езым и макъамэ Іэмэпсымэ, и пшынатІэ щиІэжьи и дежщ. Ар дэркІэ куэд и уасэщ.

ЩІалэгъуалэ куэдым я хьэупсапІэщ адыгэ уэрэдыкъэхэр жаІэну. Ар ди тегъэщІапІэу, пщыхьэщхьэ зэхуэсхэр щедгъэкІуэкІыну хьэщІэщ щІыкІуи кьызэдгъэпэщыну ди мурадщ. Иджыпсту нэхъыбэхэми ныбжьыщІэхэм гукъыдэж яІэщ шыкІэпшынэм зыхуагъэсэну. Ильэсий, илъэс пщыкІутху хъуэхэм кьадэкІуэу, илъэс пІыщІым нэблэгъаэхэри кьоКІуалІэ.

Си деж зы тхьэмадэ кьэкІуащ илъэсипІ ныбжьым ит и кьуэрыльху хьыджёбэ щІыкІым щыкІэпшынэ зэхуэсхэр щедгъэкІуэкІыну хьэщІэщ щІыкІуи кьызэдгъэпэщыну ди мурадщ. Иджыпсту нэхъыбэхэми ныбжьыщІэхэм гукъыдэж яІэщ щыкІэпшынэм зыхуагъэсэну. Ильэсий, илъэс пщыкІутху хъуэхэм кьадэкІуэу, илъэс пІыщІым нэблэгъаэхэри кьоКІуалІэ.

ШыкІэпшынэ ящІыну гукъыдэж яІэу кьакІуэ щІалэхэм яжьзоІэ пхъэм щыхащІыкІэ, абы щрилъжьэфкІэ, езгъэлъагъуурэ езым ящІыжьэ зэрынэхъыфІыр. Тызогъэгушхуэри, хьарзынэу ящІ. Щыху кьэс я Іэнхъуамбэхэр зэхуэдэжкым: хэт ейр нэхъ кІыщІи, хэт ейр нэхъ кІыхьщ. Езым и Іэнэм хуэКІуэ шыкІэпшынэ ищІмэ, нэхъ тынщу еуэнущ. ИтІанэ, илъэс 15-кІэ гъуа пхъэ дакъэжь уи Іэкі псэ зыхэпІлъхьэжар, дауи, кьэбгъэсэбэпыну нэхъ гуапэщ. Ар и Іэм нэбгъэсауэ яп макьыр кьыщибгъэкІыми дежаІыбгъэзэригъэгуфІэмрэ гупсэхуГъуэ кьуитымрэ пэщІыкІи щыІэкъым. Сабий кьалъхуагъаращІэм хуэздщ1ар. Аращ «Къэпщхуэмэ нэхъ кьэпщтэну, тхьэмэрэ уи гум, уи псэм щыщ Іыхьэ зыхэплъхьа щыкІэпшынэм уеуэжмэ нэхъыбІ?», - жысІэу сащІеуПщІыр.

Абы и мызакъуэу, Іэпэшынэ, пшынэ дыкъуакъуэ, пхьэцІыч, нэгъэущІхэри дощІ. Фэнд пшынэри Іуэхум ди гугъэщ. Ар эращІым и кІапэльапэхэр къэзгъэтыжащ. Сфэм елэжьу Жанхьэтэхьэу щыщ си ныбжьэгъу Бадий Мухьэмэд и дежь дыкІуэри деПсэльащ. Фэр бгъэхьэзырмэ адрейхэр гугъуехьм. Лондон, Шотландием дыщыкІуами, фэнд пшынэм и щІыкІэм деПсльащ.

- Уисуу, Зубер! Макъамэ Іэмэпсымэхэр къэзыгъэзэрэщІэжьыным, абы щІыхухэр уегъэлажьным теухуа фи гъжьыгъэм ехьулІэныгъэ кьыпэкІэну ди гуапэщ.

Епсэлъар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

● Ди псэлъэгъуэр

Ижьрабгъужьмкі щытыр Еуаз Зуберщ.

БгыщІыкІущхьэм

● ГукъэкІыж

Псыгуэнсу кьуажэм уэзрыдыхьэу гу лъэмытэмкІэ Іэмал, нІэкьым, къэрэгъуэт нэхьей, сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкІэ декІуэкІ бгы лъагэм.

АБы и лъабжьэм щІэтщ метр 50 хуэдизи лъагагъыр, кьуажэдэсхэр «БгыщІыкІущхьэкІэ» эдэжу зи щыгур тафэ дахэр. 1935 - 1936 гъэхэм а щІыпІэм Іуэху дахэ куэд щызэхахбгъэ, батэр щагъэпэну щытащ. Накьыгъэ (май), щэкІуэгъуэ (ноябрь) махуэщІэрэ зи гъэзэдІуащ, Іэмэпсымэр яІэщІсІыхьэуэ зэреуэнур езгъэлъэгъуащ. Кьищынэмыщ1Іауэ, «Хьэтхэр» ансамблым и гъэсэнхэм шыкІэпшынэр едгъэщІыхуащ. Ныбжьыщ1Іэхэм шыкІэпшынэм и макъамэ ягу зэрырихьам и мызакъуэу, макъамэм кьыдэфэну хуейхэри куэд хьурт. ШыкІэпшынэм зэзыгъэсэну, а Іэмэпсымэр зэзыгъэпэщыну зы зэуэпсІэпэхэри кьаухэкІащ. Иджыгей сабийхэм сохъуапсэ си щхьэкІэ: абыхэм я ныбжьым сыщитым сэ шыкІэпшынэр зэхэсхат, ауэ сльэгъуатэкъым.

- ШыкІэпшынэ зэращІым и щхьхэмри щІалэхэр хэбгъэгъуазэр?

- Зы Іуэху гъэрым и ужь ущихьэкІэ гурэ псэкІэ абы ухуэхъэзыру щытын хуейщ, арыншамэ, кьохьуІэІэнукъым. ШыкІэпшынэ пщІыну кьызэрымыкІуэу гугъэщ. Пэщэщэнейщи, зы шыкІэпшынэм зэманы мазиблым нэблагъэ пфІэхь. УпхъащІэ кьудейкІи зэфІэкІынукъым. Макъамэр-щэ? Ар дауэ кьызэрибгъэкІынур? Пхъэм гъэкІуэ тепха нэужь, гъэтІуэуэрэ нэсар нэмысар зэхэбгъэкІын, макъым уедаІуэзурэ зэтебухуэн хуейщ. Пхъэм езым кьыбжеІэ ар. ИтІанэ, я Іэмэпсымэм щІыкІэ щІалэхэр и лъабжьэри зэщхьэщымыгъэкІыу зэхуэбгъэдэн хуейщ. ТкІу зэтекІамэ, зы щыуагъэ тІэкІу пІэщІэкІрэ укьигъанщІэмэ, мазэ бжыгъэкІэ зэзэмжьа Іэмэпсымэр зыри мыхьэнуж хьэфІэбдзэжьым хуейхьэнущ. Апхуэдэ кьыщыгъэхинуа кьэхуэщ.

ШыкІэпшынэ ящІыну гукъыдэж яІэу кьакІуэ щІалэхэм яжьзоІэ пхъэм щыхащІыкІэ, абы щрилъжьэфкІэ, езгъэлъагъуурэ езым ящІыжьэ зэрынэхъыфІыр. Тызогъэгушхуэри, хьарзынэу ящІ. Щыху кьэс я Іэнхъуамбэхэр зэхуэдэжкым: хэт ейр нэхъ кІыщІи, хэт ейр нэхъ кІыхьщ. Езым и Іэнэм хуэКІуэ шыкІэпшынэ ищІмэ, нэхъ тынщу еуэнущ. ИтІанэ, илъэс 15-кІэ гъуа пхъэ дакъэжь уи Іэкі псэ зыхэпІлъхьэжар, дауи, кьэбгъэсэбэпыну нэхъ гуапэщ. Ар и Іэм нэбгъэсауэ яп макьыр кьыщибгъэкІыми дежаІыбгъэзэригъэгуфІэмрэ гупсэхуГъуэ кьуитымрэ пэщІыкІи щыІэкъым. Сабий кьалъхуагъащІэм хуэздщ1ар. Аращ «Къэпщхуэмэ нэхъ кьэпщтэну, тхьэмэрэ уи гум, уи псэм щыщ Іыхьэ зыхэплъхьа щыкІэпшынэм уеуэжмэ нэхъыбІ?», - жысІэу сащІеуПщІыр.

Абы и мызакъуэу, Іэпэшынэ, пшынэ дыкъуакъуэ, пхьэцІыч, нэгъэущІхэри дощІ. Фэнд пшынэри Іуэхум ди гугъэщ. Ар эращІым и кІапэльапэхэр къэзгъэтыжащ. Сфэм елэжьу Жанхьэтэхьэу щыщ си ныбжьэгъу Бадий Мухьэмэд и дежь дыкІуэри деПсэльащ. Фэр бгъэхьэзырмэ адрейхэр гугъуехьм. Лондон, Шотландием дыщыкІуами, фэнд пшынэм и щІыкІэм деПсльащ.

- Уисуу, Зубер! Макъамэ Іэмэпсымэхэр къэзыгъэзэрэщІэжьыным, абы щІыхухэр уегъэлажьным теухуа фи гъжьыгъэм ехьулІэныгъэ кьыпэкІэну ди гуапэщ.

Епсэлъар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Жэзыр къахихащ

● Самбэ

БЕЛГОРОД областым и Губкин къалэм боевой самбэмкІэ Урысей чемпионат щекІуэкІащ. ЦІыху 300 зыхэта я зэхьэзэхуэ иным щытекІуахэм ящІущІ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа спортсмен Гугу Мурат (кг 100). Абы ещанэ ушыпІэ кьихьащ.

Мыпхуэдэ зэпеуэхэр сытым дежи гугащІэу ноКІуэкІ. Абы и щхьэусыгъуэщ япэ, еТІуанэ увыПІэхэр зыщыбдаэр дуейпсо, Европэ чемпионатхэм хэтыну Іэмал зэрагъэутыр. Жэзыр кьэзыхьэрым и командэ кьыхэхам хагъэхьэ. Гугу Мурат финал ныкъуэм хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхьуа Санкт-Петербург щыщ Невиный Дмитрий хигъэщІа щхьэкІэ, Новгород Ищхьэрэ и спортсмен Футин Максим текІуэн лъэкІакъым. Ауэ, кьимыкІуэту иужькІэ щІабэнащ ещанэ увыПІэм, икІи Савельев Игорь жэз медалыр кьыфІихьащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ,

КъБР-м Спортыжьрэ туризмэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

БгыщІыкІущхьэм

ирихьэлІэу, БгыщІыкІущхьэ тафэм зы кьухьпІатэ кьыщІетІысэхащ. Абы къикІащ кьыщІэльапІэ - Совет Союзым и ЛІыхъужь Водопьяновыр. Кьуажэ Советым и тхьэмадзу щыта, партым и Аруан райкомым и яп1э секретару хаха Кьуцупхэ Хьэсэшэ пежьэри, хьэщІэр гуапэу кьригъэблэгъащ икІи утыкум щагъэува псэпапІэм дришещ. 4-нэ классым щеджэ хьыджэбз щыкІу, Жьанэ Жанхужь, а тІум яужь иту псэпапІэм дэкІуейри, кьхъухьатэзэхуэ цІэрыІуэм уэз гъэгъа Іэрамэ Іэщ1илъхьащ.

Кьызэхуэсахэм Водопьяновыр кьехъуэхъуащ я екъуІэнкІэзэхэм нэхъри хагъэхьуэну. «Фэ зи цІэр зефхьэ Сталиным хуэфащэу фолажьэ, - жиІащ абы. - ТекІуэнныгъэ ин фызэриІэр сэ абы Іэмал имыІэу хуэсІуэтэжьыщ». ХьэщІэм жиІар адыгэбзэкІэ щызэрадзэкІым кьызэхуэсахэр куэдрэ Іэгу еуащ. НужькІэ, Водопьяновым иІуэтэжащ и кхъухьлъатэмкІэ мылльтэм зэрытетІысхьауэ щытар. «Кхъухьлъатэм сыкьибэкъуэкІыу мылым сытеуВэну дзыхь сщІыртэкъым, сыкІэщІрыхункІэ сыщыынэрти, - дыхьэшхыу зиумысыкъыт абы. - СщІэн хуеякъэ си кхъухьлъатэр зышэчым сэри сызэриІущэчыну», - жиІэри къызэхуэсахэр игъэдыхьэшхат. Абы иІуэтэж кІыбарэр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІыр Кьуцупхэ Хьэсэшэт.

«ЩІыхь зиІэ колхозэт» цІэр фащи, Псыгуэнсу колхозым а махуэ дыдэм Водопьяновыр хагъэхьауэ щытащ.

ГуфІэгъэ махуэзхэхэр ефэ-ешхэ Іэнэ къудейкІэ зэфІэкІырэкъым. Апхуэдэхэм дежь джэгушхуэ зэхахьблэрэт, щІалэгъуалэр щІэпеуэрт. А псор зыльагъуэм, абы хэт щІыхухэм дэрэжэгъуэу яГъуэтыр пхужьмыІэным хуэздэт.

Лъжьигъэм и закъуэтэкъым Псыгуэнсу адрей ежьхэм я къэзэрэхэзаныкІыр. Кьуажэм и къэфакІуэ ансамблым хэтхэм я Іэзагъэр республикэ псом щызэпащІысаУ щытащ. А гупым кьыхащІри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэфакІуэ ансамблым хагъэхьат ЕкъащІауэ Хьэбид, Кьардэн Іэнинур, Дзыгъур Маржьинэт сымэ. Республикэм и адыгэ драмтеатрыр иІэсэ куэдкІэ зыгъэбжьыфІа, РСФСР-м щызэхьэзыр и артист Боз Мурат кьэфакІуэ гупым хэкІри, Мэзкуу дэт ГИТИС-м щІэтІысхат. Совет Союзым и ЛІыхъужь Яхэгуаеу Михаили, дзэм кьулыкъу щищІэну дэкІыху, кьуажэм и духовой оркестрым жьыдэкъу хэтащ.

Мы къэтІуэтэжьа хьыбарыр ди тхьыдэ гъуэгэгъуэ щыщщ икІи апхуэдэ Іуэхухэм, Псыгуэнсу кьуажэм щІеГуэкІэ лэжьыгъэшхуэр, абы и пщІэр зыІэта цІыхухэр ди щІэблэм ящІыгъупщэ хъунукъым.

ЯХЭГУАУЭ Берд.

● Ди щІалэхэм дзэм къулыкъу щащІэ

Щытхъу иІэщ

Дзэ къулыкъум цІыхур епсыхь. ІэпкьлъэпкькІи жыджэр, Іэчльэч ещІ, и хьэл-щэнри мардэ пыуыкІам ирегъэувэ, и зэхэщІыкІам хегъахьуэ. Гугъуехьырщ абыкІэ сэбэп хьур. Пэжщ, цІыху псори зэхуэдэкъым. Хэти зыпэрыт Іуэхум псэкІэ етащ, хэти зыщІрегъэх. Япэрейхэм фІыщІэ яхуэфащэщ. Апхуэдэхэм яущыщ Дзэхьуокъуэ Исуф.

ЖЭМТХЬЭЛЭ щыщ Дзэхьуокъуэ Адэлбий и кьуэ Исуф Кьэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетыр кьихуащ. 2012 гъэм и накьыгъэ маазэм дзэ кьулыкъум ираджащ. ХэщІапІэ хуэхъуар Нижегородскэ областым хьихьэ Богородск къалэрщ. Исуф гугъуехьым кьримыгъэзыІэрт, щхьэх зымыщІэ щІалэу кьызэрыгъэльэгъуащ. Абы гу льатащ кьулыкъу зыдищІэхэми унафэщІхэми.

Исуф и адэ-анэм я бжьрагъэхьа фІыщІэ тхылъым анэшхуэрэ, Іыхьлъхэрэ, благъэрэ щыгу-фІыкІащ, адэ-анэрэ абы ирогушхуэ.

«ПщІэ зыхуэзгъэІ Адэлбийрэ Ритэрэ! Фи щІалэ Дэхьушокъуэ Исуф хьулькъу щищІэ 3671-нэ дзэ частым щыхуэхьуа. И кьулькъуэм псэкІэ бгъэуту, ар хьарзынэу ирихьэкІыу, Іуэхум ерыщІкъэгъэ губзыгъагъэрэ ирихьэлІэу зыкъыщигъэльэгъуащ. Зыхэтхэм, кьулыкъу зыдищІэхэм я дзыхь кьрагъэз, езыр дэтхэнэми пщІэнкІи, Іуэхуки дэІэпыкъуну хьэзырщ. Кьулыкъум кьыщигъэльэгъуащ хьэл-щэн дахэ, эфІэкІ.

Дзэм кьулыкъу щызыщІэхэм фи щІалэм хуэдэ нэхьыбэу кьаухэкІмэ, Урыс-сейм иІэнущ щыхуэбгъэ, кьэралыр, хуитынысгъэшъ ещІэ подполковник Мулуахматовым и тхылъэм.

Дэхэушокъуэ Исуф нобэрей щІалэгъуалэм ящыщ щІэхэм фи щІалэм хуэдэ нэхьыбэу кьаухэкІмэ, Урыс-сейм иІэнущ щыхуэбгъэ, кьэралыр, хуитынысгъэшъ щІэхэ я яхуэхьумэ, хьарзынэщ.

ГЪЭУНЭ Светланэ,

КъБР-м Спортыжьрэ туризмэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Шагъыр пТулькІэ мин 27-рэ

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и Гъуэгу плыр къулыкъум и батальон щхьэхуэм и лэжьакІуэхэм «Таллин» постым щаубыдащ «Портвейн» шагъыр пТулькІэ 27 000-рэ зыпІэ, Ставрополь крайм щыщ-сум зэрригъакІуэ «Рено» автомашинэр.

ШОФЕРЫМ хабзэ-хъуэмэхэм кьаригъэлъэгъуа дэфтэрхэм щэч хуащІри, Іуэхур зэхагъэкІыхукІэ автомашинэр яубыдащ.

Езым ейуэ къильытат?

Урысей Федерацэм и МВД-м Лъэхэм куеймкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ Хьэтуей къуажэм дэт «Коммунизм» МУП-м и хэщІапІэр кьызэрахуэ къуэшхуэхэмрэ кьэзыдыгъуа бзаджащІэр.

АР зыщІыпІи щымыІаджэ, 1984 гъэм кьалъхуауэ а щІыпІэм щыпсэу щІалэ-щІэрщ.

Зэрыджэгу Іэмэпсымэхэр кьытрах

КъБР-мщыІэМВДм Экономикэ щынагъуэщІапІэм и коррупцэм е6эныныкІэ и Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм Идарым и уэрамым тет сату-нэгуныжьыпІэм кьыщІапащ зэрыджэгу автомат Іэмэпсымэ 20.

ХЪЭРЫЧЭТ Іуэхур хабзэщІагъэкІэ кьызэгъыгъэ пщІар уголовнэ жэуапым ирапалІэнущ.

Зыгъэхьэзырар

УЭРДОКЪУЭ Женящ.

Редактор ихъэщ1ыхьэм и къуэдзэ

ШИРДИЙ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщІхь), **Жэк1эмыкъуей Маринэ** (редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ1ыпыдж Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щ1ыхэщымыщ1 Из.**

Кьыдзыгъэкі Іэмэрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор ихъэщІхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор ихъэщІхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм я дзлъэхьмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пИсьмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; эдэхькІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхуитыхэм я пажэгъэкІэ къэзыгъэнкІэ жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткІым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІатІэкІэм и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатнэм и хуитынырэр хьэмэныжьІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №ПІ-0065-м щІыгу яткащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактор Щомахуэ Залиф, корректорхэу Щ1ОДЗЭ Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Азэмат *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.155 ● Заказ №582